

# MUCHATO WEGWAYANA



Maita henyu, Hama Edmonds. Ishe vakuropafadzei.

Manheru akanaka, shamwari. Zvirowkwasvo mukana wakanaka manheru ano kuva muno muFellowship Tabhenakeri. Pandapfuura nepano, masikati ano, ndikatarisa payange iri, uye ndaona shoko rekuti “Kuyanana,” ranyatsondiitira zvakanaka chaizvo. Ndinozvifarira, Hama Edmonds. Kuyanana, ndiko kwatinotenda makuri.

<sup>2</sup> Imwe shamwari yangu yakare, ichangobva kuenda kumusha kunova naShe, vazhinji venyu munogona kunge maivaziva, Chiremba F. F. Bosworth, vazhinji venyu. Vakanga vari muno muPhoenix, ndinotenda kudaro, neni imwe nguva, munhu wehumhare zvakananya. Uye vaive...vaiva ne—ne...Vaive mutana mutsvene, asi vaitaura zvinosetsa. Uye vakati kwandiri, imwe nguva, vakati...Ndakaramba ndichitaura nezveyanano. Zvino vakati, “Hama Branham, munoziva kuti yanano chii?”

Ndakati, “Zvinoka, ndinofunga kudaro, Hama Bosworth.”

<sup>3</sup> Vakati, “Machinda 2 vari muchikepe chimwe chete.” Saka, zvakangoda kudaro, vachigara mukamuri imwe pamwe chete.

<sup>4</sup> Uye ndaona vazhinji venyu muchisimudza maoko enyu, kuti munoziva Hama Bosworth. Nekuda kwekuti—kwekuti maivaziva, ndinoda kutaura shoko nezvenguva yavo yekupedzisira panyika. Ndakavaziva kwechinguva. Uye vakanga vari kunze kuno vachiparidza Evhangeri nokunamatira vanorwara, ndisati ndaberekwa. Saka munogona kuona kuti vaive zera ripi. Ishe vakavarega vachirarama, ndinofunga, makore angangoita 85, zvakada kudaro, uye vachingori mutana ane humhare pavakafa.

<sup>5</sup> Pavakanga vava nemakore 75, ndinotenda kuti ndiwo, ivo neni takanga tiri ku...ndinotenda, paHotera yeEdgemont muMiami. Zvino takava nekudya kwedu—kwedu kwemanheru, ndokufamba kuenda kumahombekombe kwegungwa uko kwaiuya masaisai, kuti tione mwedzi uchibuda. Zvino hapanoi pandaiva, ndava nemakore angangoita 40 okuberekwa, mapendekete angu akakombama, ndichifamba ndakaita saizvozvo. Uye ivo, vane makore angangoita 75, vakanyatsotwasuka chaizvo. Ndakavatarisa, ndikavayemura. Uye ndikati, “Hama Bosworth, ndinoda kukubvunzai mubvunzo.”

Vakati, “Pfuurirai zvenyu mberi, Hama Branham.”

Zvino ndikati, “Nderinhi pamaive makanakisa?”

<sup>6</sup> Vakati, “Iko zvino.” Zvino, ndakabva, ndanzwa kuzvinyarira. Uye vakati, “Munokanganwa kuti ndingori

mwana, ari kugara muimba tsaru,” vakadaro. Zvino ndivo vaiva Hama Bosworth.

<sup>7</sup> Pandakanzwa kuti vanga vari kuzoenda kunosangana naShe, ndakatongopotsa ndapisa matayi emota yangu, ndichidzika kuMiami, kunovaona. Zvino ini nemudzimai patakasvika ikoko...Zvino mhuri yekwaBosworth nemhuri yedu tanga tiri shamwari huru. Zvino takapinda mukati. Mutana wakare vakarara pasofa duku. Zvino vakanga vasimudza, musoro wavo mudiki une mhanza, maoko madiki, matete akatambanudzirwa kwandiri, *sekudai*. Misodzi ichiyerera nepamatama angu. Ndakavambundira mumaoko angu, ndikadanidzira kuti, “Baba vangu, baba vangu, ngoro dzeIsraeri navatasvi vemabhiza acho!” Nokuti, kana pakambova nomutana akamboisa chiremerera mukufamba kwePentekosti, vaiva Hama Bosworth. Chokwadi vakadaro. Vakanga vari ruva guru.

<sup>8</sup> Uye munoziva, chinhu chokutanga chavanoda kuita, kundiudza nyambo diki, saizvozvo, munoziva.

Ini ndikati, “Hama Bosworth, muri kuzopora here?”

<sup>9</sup> Vakati, “Kwete, Hama Branham. Handisi kurwara, kutanga kwacho.” Vakati, “Ndave kungoenda Kumusha.”

Ndikati, “Zvakanaka, zvakanaka kwazvo.”

<sup>10</sup> Takanga tichangobva kuminda yekuvhangeri yekuAfrica, ivo neni. Vakati, “Ndangonyanyisa kuchembera zvekuti ndirambe ndichirarama.” Vakati, “Ndave kuenda Kumusha.”

Ndakati, “Hama Bosworth, mungandiraira kuti ndiite sei?”

<sup>11</sup> Zvino vakati, “Garai neVhangeri.” Uye vakati, “Dzokerai kuminda yekuvhangeri nekukurumidza kwamungagona.” Vakati, “Ndiyo ingave iri rairo yangu.”

<sup>12</sup> Ini ndikati, “Hama Bosworth, chimwezve chinhu chandinoda kukubvunzai.”

Vakati, “Chii ichocho, Hama Branham?”

<sup>13</sup> Ndakati, “Zvino, makaisa makore angangoita 60 kunaShe, muchishumira, kana pamwe anodarika.” Zvino ndikati, “Ndeipi nguva yamakafarisisa muhupenyu?”

Vakati, “Izvozvi.”

Ini ndikati, “Hama Bosworth, munoziva kuti muri kufa?”

<sup>14</sup> Vakati, “Handikwanise kufa. Ndakafa makore akawanda akapfuura.” Uye ini...Vakati, “Hama Branham, zvese zvandakada nekuitira hanya pazviri kwemakore 60 apfuura, ndiri kutarisira kuti iVo vavhure musuwo uyo chero nguva uye vauye, kuzonditora.”

Ndinofunga nezvaro, *Pisarema reHupenyu*:

Hupenyu hwevarume vakuru hwose  
hunotirangaridza

Tinogona kuita kuti hupenyu hwedu huve  
 hwakanakisa,  
 Nekuparadzana, tinosiya shure kwedu  
 Matsimba etsoka pajecha renguva.

Zvino zvirokwazvo vakasiya matsimba etsoka, kwandiri.

<sup>15</sup> Vasati vafa, kana, ku- . . . kuenda muKubwinya, ingangoita awa 1, kana kuti zvichida kudarika, vasati vashaya, vakanga vakaita sevaive vakarara kwemaawa mashoma, uye mudzimai wavo, vanakomana vavo, vadikani vakapoteredza, zvino mutana akamuka, akaringa-ringa, ndokusimuka, ndokumhanya nemukamuri, ndokukwazisana maoko naamai vavo vakanga vaenda kwemakore akawanda, nababa vavo. Uye kweinopfuura awa, vakakwazisana nevanhu, vachiti, “Ava ndiHama John. Hongu, makauya kuna Kristu mumusangano wangu muJoliet, Illinois. Heunoi Hama . . .” Vachikwazisana maoko nevanhu vavakatendeutsa vakanga vatungamira, kwemakore akawanda.

<sup>16</sup> Ndi—ndinokuudzai, dzimwe nguva ndinotenda kuti munguva yatinopfuura kubva panyika ino tichienda kune imwe, ndinotenda dzimwe nguva apo . . . Rwizi rwuchanetsa kuyambuka, zvisinei hazvo, munoziva. Ndinotenda zvichida Ishe vanoti kune vadikanwi vedu, “Dzikai kurwizi mundosangana navo zasi ikoko.” Sekutaura kwakaita Jakobho, tichaunganidzwa pamwe chete navanhu vedu rimwe zuva.

<sup>17</sup> Neniwo ndiri kutarisira zuva iroro kuti risvike. Uye zvakare kana ndapedza nehupenyu huno pano, kana kuti Mwari vari vapedza neni pano, uye ndaona kuti ndakatora masvingo ose andaigona, ndikapfuura nepose pane rukato, uye ndikakwira chikomo chose, ndinoda kutarisa kumashure, ndoona kwandambenge ndiri, kana ndadzika kurwizi.

<sup>18</sup> Ndakagara ndichiti, sevianhu vechitema pano, vane karwiyo kadiki kavanoimba, “Handidi dambudziko parwizi.” Ndinoda kuti zvigadziriswe zvose iye zvino.

<sup>19</sup> Tongoti zvichida ndodzose munondo muhara, ndobvisa ngowani, ndoiradzika pamhenderekedzo, zvino ndosimudza maoko angu, ndodanidzira, “Unzai igwa rehupenyu, Baba. Ndiri kuuya kumusha mangwanani ano.” Vachange varipo. Usanetseke. Ndinozvitenda izvozvo. Ndinofunga kuti ndicho chishuwo chemoyo yedu yese.

<sup>20</sup> Zvino, zvirokwazvo mukana mukuru kuva pano manheru ano nemufundisi akanaka uyu nechechi yavo, uye nebasa rinoshamisa iri, neava vari vapfuuri muna Kristu, kumagumo ano ePhoenix. Nokuti, chokwadi, tiri vapfuuri. Tiri vafambi nevatorwa muno. Tiri kutsvaga Guta.

<sup>21</sup> Sezvandanga ndichitaura mangwanani ano zasi kutabhenakeri yaHama Fuller, nezveMbeu yeHumambo. Zvino, kana muine matepi rekodha, handimbotauri. Asi panga paine chimwe chinhu chaitika mangwanani ano, icho ini . . .

Kana muine tepi rekodha, kana mukawana imwe yematepi, ndine chokwadi chokuti munozvifarira. Hama Maguire vanawo, uye *Mbeu yeHumambo yaAbrahama*.

<sup>22</sup> Munoono, mbeu yaAbrahama yaive Isaka, anove muJudha, panyama. Asi Mbeu yeHumambo yaive Kristu, kubudikidza nevimbiso, uye kuti Kristu aive Shoko raMwari rakaratidzwa. Uye zviru mumoyo medu nhasi apo isu... “Kana ini... Mukagara maNdiri, uye Shoko raNgu mamuri, zvino kumbirai chamunoda, uye muchachiitirwa.”

<sup>23</sup> Zvino, ndakazvitauro izvozvo, nezvePhoenix, kakawanda kubva pandakanga ndiri pano... Nguva yangu yekutanga kuuya yaive makore 35 akapfuura. Uye uko kuna 16 naHenshaw, kwandaigara, ndakashanda paCircle R Ranch kunze kuno, kunze kweWickenburg. Zvino ndakaenda nekamwe kamusikana kadiki ikoko kuna 16 naHenshaw. Ndakaenda kunotsvaga nzvimbo yacho rimwe zuva, zvino haisitombori Henshaw zvachose. Yave Buckeye zvino. Uye iguta guru mudhorobha rePhoenix muno. Zvinhu zvose zvakashanduka.

<sup>24</sup> Zvino mudzimai neni takawira Gomo reSouth, kuti titarise shure nepamusoro pePhoenix. Ndakafunga, makore angangoita 300 akapfuura, zvichida pakanga pasina chinhu pano kunze kwemhumhi, madhorofiyu, nezvimwe zvakadaro. Uye zvino rave guta rakaisvonaka kwazvo. Zvino, ndakati, “Mudiwa, rakashandurwa here kana kuti rakatsveyamiswa? Unogona kushandisa sarudzo yako. Kwandiri, rakatsveyamiswa zvino. Nokuti, zvivakwa zvikuru izvi uye zvivakwa zvakanaka zvingava zvakanaka kana varume nevakadzi vaifamba vachikwira nekudzika nemumigwagwa, vakasimudza maoko avo kuna Mwari, vachirumbidza Mwari, uye hama nehanzvadzi vachirarama saizvozvo; pachinzvimbo chokunwa, kubheja, kusvuta, kureva nhema, kuba, mashabhini, zvese zvakaipa. Pakati pazvo zvose izvozvo, kunyange...”

Zvino mudzimai akati kwandiri, “Zvino, Billy, wauyirei kuno?”

<sup>25</sup> Ndikati, “Asi, mudiwa, kubva zvatanga takagara pano, maminiti 15, manyepo mangani ataurwa mumupata uyo? Imhiko ngani dzatorwa, Zita raShe pasina? Midzanga mingani, mahwiski mangani anwiwa, hupombwe hungani hwaitwa, uye namo mese imomo, munguva shoma yapfuura, apo tiri pano?”

Akati, “Hazvisi zvakaipa here?”

<sup>26</sup> Asi ndakati, “Hezvino zvatavinga kuno, mudiwa. Minamoto mingani yakatendeka yakwira kumusoro kubva tiri pano? ‘Muri Chiedza chenyika.’ Ndizvo zvatokauyira kuno, kuti tiise mafudzi edu pamwe nemachechi maduku aya pano, toita zvose zvatinogona, kuibatsira kuti ifambire mberi. Kuva iri...”

<sup>27</sup> Imi mose, imi vatsvene, muri chiropafadzo kwandiri. Ndinovimba kuti ndichave chiropafadzo kwamuri, mukushanya

kuno. Uye ini, pandakaona kuti ndinosvika pakushanyira masangano emachechi nemasangano akasiyana, ne—nemachechi akasiyana-siyana, nezvimwe zvakadaro, hama mumupata wePhoenix pano, mwoyo wangu wakafara. Zvinoitika konivenisheni isati yatanga iyo yandichataura, pakonivenisheni yeChristian Business Men, ndinofunga, Mugovera kudya kwemangwanani, uye zvadaro musangano weSvondo masikati, unozotevera, Svondo iyoyo inotevera. Uye nguva dzose mukana mukuru kusangana nehama idzodzo. Ndinofunga vane zvigaro zvingangoita 2,500 ikoko. Kune nzvimbo yakawanda yekugara yedu tose. Uye tinotarisa kusangana nemi ikoko.

<sup>28</sup> Uyezve kuva nenguva ino yekuyanana, yekubva kune imwe chechi uchienda kune imwe chechi, kunotaura. Ndinofunga ndaparidza mangwanani ano kusvikira ndaparidza ndikashoshoma, kweinege awa nehafu. Uye iyo yakanga iri pfupi. Ini kazhinji handibude maawa 3 kana 4 asati asvika, ku—kuchechi kumba. Ndinongo... Handisi muparidzi. Saka ndi—ndinongoita ruzha rwemufaro kuna Jehovha. Ndinofarira kuzviita zvakana kwazvo. Ndi—ndinofunga ndinongozvida, saka ndinongoramba ndichizviita. Ndanga ndiri... pave nemashoko 4 kana 5 akasiyana ekuti ndiri kunyanyisa kunonoka kubuditsa vanhu, saka ndinoziva kuti ichokwadi. Zvino manheru ano, kutaura chokwadi, tichange tabva pano 1 o'clock isati yachaya. Ini, ndichangokuvimbisai nezvazvo. Ndango, potse... Mweya une manzwiwo akanaka, uye zvinhu zvese zvakaivonaka kwazvo, ndine chokwadi chekuti Mweya Mutsvene uchava neropafadzo redu.

<sup>29</sup> Zvino, zvino ndanga ndisiri kumbova neshumiro dzekunamatira vanorwara mumisangano. Ini... Humwe husiku, zasi kwehama... Jesus' Name, mufundisi aive ani? Hama Outlaw. Chechi yaHama Outlaw, kwaive nevakawanda kwazvo vaida kunamatirwa. Zvino ndakaita kuti mwanakomana wangu ape makadhi okunamatirwa. Zvino husiku hushoma, Mweya Mutsvene ndokuwa kwazvo muchivakwa, kusvikira... Imi mose munoziva. Makambova mumisangano yangu. Imi mose makavemo. Mukaona kuti kunzvera, nezvimwe zvakadaro. Asi zvino ndacherechedza kuti zviri kuwedzera vakawanda vekuti vanamatirwe. Uye ndakacherechedza kuti kekutanga, kutanga Chitatu neChina. Ndakafunga kuti ndichamirira kusvika Svondo yadarika, nokuti kana uri kuita shumiro yekunamatira vanorwara muchechi...

<sup>30</sup> Munoono, nda—ndakazivisa kwese kwandakaenda kuti munhu wese agare panzvimbo yake yebasa neSvondo, munoono. Misangano yakatsaurwa iyi kungoshanyirana chete nehama. Uye isu—isu nekuta kuti munhu wese uchengete nzvimbo yako yebasa, nokuti mufundisi wako akakumirira, uye ndiko kwaunofanira kunge uri.

<sup>31</sup> Saka zvino—zvino ndinofunga, mangwana manheru,

kana Ishe vachitendera, handi...Tichange tiripi mangwana manheru? [Imwe hama inoti, “Uko kuTempe, kucheche yaHama O’Donnell.”—Mupepeti] Hama O’Donnell, paTempe, Arizona. Zvino, kana usina chero—chero chinhu chakatsaurwa chiri kuitika kucheche kwako, uye uine vanhu vari kurwara, handiti, ndichanamatira vanorwara, mangwana manheru, ndongova nemutsara wekunamatira wemazuva ose, ndonamatira vanorwara, zvichida—zvichida Muvhuro, Chipiri. Ngationei, ndiri kufanirwa...ndiri...Oo, ndine...Ndine shumiro neChitatu manheru here zvakare? [“Hongu.”] Chitatu manheru. Zvino ino... .

<sup>32</sup> Uye inotanga neChina, ndizvo here, konivhenisheni? [Imwe hama inoti, “Ndinenge ndine zvinhu...?...”—Mupepeti] Zvakanaka, hama. Vachapa chiziviso chacho zvino. [“Munoona, tiri pano manheru ano. Zvino mangwana manheru tiri paTempe Assembly of God. Uye tevere Mountain View muSunnyslope musu wa 23. Uye zvakare kuCentral Assembly musu wa 24.”] Zvakanaka, zvakanaka. [“Handina kukwanisa kurangarira, pachangu. Ndakaita sendavhiringwa nazvo.”] Musafunga nezvazvo.

Ndaitaura rimwe zuva, nezvekuti, “Handina kukwanisa kurangarira.”

<sup>33</sup> Zvino Hama Jack Moore vakati kwandiri, vakati, “Imi munofunga kuti makanyanya?” vakadaro.

<sup>34</sup> Ndakati, “Hama Jack, ndinotanga kutaura, handizoyeuki zvandanga ndichitaura nezvazvo.”

<sup>35</sup> Vakati, “Musafunga kuti zvakaipa.” Vakati, “Ini ndinofona parunhare, ndichifonera mumwe munhu, ndoti, ‘Muri kudei?’” Zvinoka, izvozvo zvatonyanya kuipa!...?...Oo!

<sup>36</sup> Saka, ini zvangu, zvingaita sezvinosetsa, zvandisingafungi kuti zvakanaka kutaura papurupiti pano. Asi vana vaMwari vangori vana vanofara, zvakadaro, munoziva, saka isu—isu tinongofarira kudaro. Ndakafunga kuti zvaive zvakaita sekunaka.

<sup>37</sup> Imi mose, vazhinji venyu, munoziva Hama Jack Moore. Vanobva kuShreveport, Louisiana, Life Tabernacle, hama yakanaka kwazvo. Uye saka vakanga vari kundiudza izvozvo. Ivo muridzi wemabasawo, zvakare.

<sup>38</sup> Vakati, “Musafunge kuti zvakaipa, Hama Branham.” Vakati, “Ndakafonera mumwe munhu rimwe zuva, ndokufonera nhamba yavo.” Uye vakati, “Vakapindura, vakati, ‘Kaziwai.’ Ndakati, ‘Zvino, munodei?’”

Ndakafunga, “Zvinoka, uku ndiko kunyatsodzika zasi, Hama Jack.”

<sup>39</sup> Saka zvino, ndinofunga zvingava zvakanaka, uye shamwari idzi dzinoda kunamatirwa, nokuunza varwere vavo muno, zvino tichavanamatira.

<sup>40</sup> Zvino, manheru ano, ndafunga kuti ndingati kudii manheru ano kumusoro kuno muchechi ino yakanaka. Ndafunga kuti, “Zvinoka, handizivi kuti chii.” Ndinotongofanira kungatora musoro wenyaya mudiki, uye ndovimba kuti Ishe vachavhenganisa mashoko acho pane imwe nzvimbo, uye owira paanozobatsira mumwe munhu. Kuva . . . Handimboedzi kutora chidzidzo, ndinogara ndichiedza kuti ndinzwe kutungamirirwa, ndonyora pasi chitsama cheMagwaro, nezvimwe vakadaro. Uye—uyeve, kana Ishe vakatungamira zvakasiyana, zvino ndinongoenda sekutungamirira kwaVanoita. Uye ndinofunga kuti ndiwo maitiro atinofanira kuita tese. Hamudaro here? Kuita nenzira imwe cheteyo.

<sup>41</sup> Uye zvino pane chimwe chinhu cha—chandi—ndinoda, chechi yoga-yoga izivise izvi kunhengo dzepanzvimbo. Uye ndiko kuti, kuti kana . . . Kana mapedza kunamatira mufundisi wenyu nevadikanwi wenyu, musandikanganwa, nekuti ndinocherechedza, zuva nezuva, kupfuura zvazvaive kare, kuti tave kusvika kumagumo enzira.

<sup>42</sup> Uye ndichangoviga amai vangu, mavhiki mashoma apfuura. Uye ndakavabata mumaoko angu kusvikira Mwari vatora kufema kwavo nemunhu wavo wemukati Kudenga. Ndakatarisa rufu rwehumhare rwomudzimai akazadzwa neMweya Mutsvene, ndikavaona vachisvika chaiko kumagumo enzira. Ndakafunga kuti, “Oo, ndi—ndinotongofanira kuva naamai vese vakadaro. Ndinotongofanira kuita chimwe chinhu kuti ndiwane . . . kuita zvandinogona, kuita kuti vanhu vaone chaizvo zvazvinoreva.”

<sup>43</sup> Uye, shamwari, ndine chokwadi chekuti pamwe vakati dzamei. Uye ndinofunga kuti tinozvitora tichizvirerutsa pane zvazviri chaizvo. Ndinofunga kuti tinofanira kurangarira. Kana Mwari vari vatsvene kwazvo zvekuti Ngirozi dzinotaridzika kuve dzakasviba pamberi paVo, ko tinotaridzika vakadini? Maona? Ndzivozvo. Saka tinoda kurangarira. Uye rangarirai, Mwari vari kugara kure uko muna Ziyendanakuenda, rinopenya kupfuura mazuva ose ari muhurongwa hwenyeredzi. “Mutsvene, mutsvene, mutsvene,” Ngirozi dzine mapapiro pazviso zvadzo, nepamusoro petsoka dzadzo, dzichibhururuka muHupo hwaVo, dzichidanidzira kuti, “Mutsvene.” Tinofanira kuva vakadini? Saka isu . . . Ndzivo zvatinoedza kuita.

<sup>44</sup> Uye—uye ndinonzwa sekuti uhwu, Humambo hwaMwari, hwakafanana nemunhu akatora mambure akaenda kugungwa, Jesu akati, akaukandiramo. Zvino akati adhonzwa, akatora mhando zhinji. Asi hove dzakanaka, hongu, dzakachengetwa; uye dzimwe hove dzinodya zvaورا dzakadzorerwa mumvura, dzakadai secrawfish, ne—nenyoka, madzvinyu, nekamba

dzemumvura, nezvimwe zvakadaro. Asi mambure eVhangeri anozvibata zvose. Uye isu tiri...Pane rimwe zuva pachava nenguva yatichakanda mambure edu ekupedzisira, Hama Adams. Ndizvozvo. Hausi iwe kana ini anotaura kuti hove ndeipi uye ndechipi chisiri. Hatizivi. Tinongokanda mambure todhonza. Ndizvo zvoga. Mwari vanoziwa vari vaVo. “Avo vaVakafanoziva, Vakavadana; naivo vaVakadana, Vakavaruramisa; uye avo vaVakaruramisa, Vakavabwinyisa.” Saka takamirira, tichingokanda mambure. Zvino mukana wangu manheru ano kumira muchechi yaHama Edmond pano kubatsira kukanda mambure panzvimbo ino, kuona kana paine chero hove idzo Mwari vanadzo kuitira Humambo hwaVo.

<sup>45</sup> Zvino, tisati taverenga Shoko, ngatitaurei neMunyori weShoko zvisoma tichikotamisa misoro yedu.

<sup>46</sup> Nemisoro yedu yakakotamiswa, mukuyereswa kwenguva ino, iyo yatava kuswera kuShoko raMwari mupenyu, rinova Mwari, hameno kuti pangava nevanhu here muno vane zvikumbiro pamwoyo yavo, izvo vangade kurangarirwa mumunamato uyu. Vazvizivise neruoko rwakasimudzwa.

Ishe Jesu, tarisai ungoro, munoziva mwoyo wese.

Maita henyu.

<sup>47</sup> Mwari vane nyasha zhinji uye vatsvene, Samasimba, El Shaddai, vakaonekwa kuna Abrahamu muZita ra “Samasimba, Mwari vane minyatso, Mupi wesimba, Muriritiri wevasina simba,” huyai kwatiri manheru ano, Baba. Uye tinocherechedza hutera hwedu nezvikanganiso zvedu. Tinoreurura zvivi zvedu pamberi peNyu, uye tinozviisa paartari yeNyu yendarira yokutonga, uye tokumbira kuti Ropa raJesu Kristu rizvibvise, muchibayiro chatinoita. Zviitei, O Mwari.

<sup>48</sup> Tinokumikidza hupenyu hwedu nezvese zvatinaivo, nechero chipo chidiki zvacho chakapihwa kwatiri. Ishe, chishandisei kuitira mbiri yaMwari.

<sup>49</sup> Ropafadzai kereke ino, mufundisi wayo akanaka, madhikoni, matirastii, nebhodhi rose, nenhengo yose inouya muchechi ino inodanwa kunzi “Fellowship.” Mwari, ndinonamata kuti varume nevakadzi, pavanofamba vachipinda nepamusuwo uyo wenzvimbo ino, kuti vave pasi pekubatikana nekuda kwehurongwa hwakanaka hweMweya Mutsvene huri mukati mechivakwa. Zviitei, Ishe.

<sup>50</sup> Tiregerereiwo zvivi zvedu, uye nekudarika kwedu, takumbira zvakare. Rangarirai avo vasimudza maoko avo. Zasi pasi peruoko irworwo, Ishe, panga paine moyo wanga uchikumbira chimwe chinhu kubva kwaMuri, uye zvichida pamwe ndiMi moga munogona kuchipa. Ndinonamata kuti Mugozviita, Baba. Chero chipi chavanenge vachishuvira, vapei muhuwandu. Kana paine vanorwara, Ishe, vapodzei. Kana paine ari kuwira kudivi renzira, simbisai iyeye,



ibvi iroro risina simba. “Rutsanga rwakakuvadzwa, haAngarwutyori, nemwenje unopfungaira haAngaudzimi.” Uye tinoziva kuti haAmbozodinga rutsanga rwakakuvadzwa; Anozorwugadzirisa. Uye ndinonamata, Baba voKudenga, kana paine mweya yakapwanyika, kana—kana yakaodzwa mwoyo, kana maoko asina simba akarembere, uye namabvi asina simba, dai yasimudzwa manheru ano, Ishe. Dai Mweya Mutsvene waya kuzopodza mwoyo nemweya yedu, nemitumbi yedu, zvino tichaMupa rumbidzo yose pamusoro pazvo. Tinozvikumbara muZita raJesu. Amenii.

<sup>51</sup> Kana muchida kuvhura kuRugwaro, kwenguva ingangoita maminetsi 30 ekutaura, ndingada kuti murave neni mubhuku raZvakazarurwa, chitsauko 19. Uye ndinoda kuverenga ndichidzika kusvika pandima 7, ose pamwe chete.

*Zvino shure kwaizvozvo ndakanzwa izwi guru revanhu vazhinji-zhinji kudenga, richiti, Hareruya; Ruponeso, . . . kubwinya, nokukudzwa, nesimba, kuna Ishe Mwari wedu:*

*Nokuti kutonga kwake ndokwechokwadi uye kwakarurama: nokuti akatonga mhombwe huru, yakaodza nyika noupombwe hwayo, uye akatsiva ropa ravaranda vake paruoko rwayo.*

*Zvino zvakare vakati, Hareruya. Hutsi hwayo ndokukwira nokusingaperi-peri.*

*Zvino vakuru 24 nezvisikwa 4 vakawira pasi vakanamata Mwari akanga agere pachigaro choushe, vachiti, Amenii; Hareruya.*

*Zvino izwi rikabva pachigaro choushe, richiti, Rumbidzai Mwari wedu, imi mose varanda vake, nemi munomutya, zvose vaduku navakuru.*

*Zvino ndakanzwa senzwi ravazhinji-zhinji, senzwi remvura zhinji, uye senzwi rokutinhira kukuru, richiti, Hareruya: nokuti Ishe Mwari wamasimba ose anotonga.*

*Ngatifarei nekupembera, uye timukudze: nokuti muchato weGwayana wasvika, uye mukadzi waro wazvigadzirira.*

<sup>52</sup> Ndinoda kutaura manheru ano pamusoro pechidzidzo chekuti: *Muchato WeGwayana*, kwechinguvana chete kuti . . . Tinoziva zvikuru Gwaro iri. Pasina kupokana mufundisi wenyu akanaka pano akataura nezvechidzidzo ichi kakawanda.

<sup>53</sup> Uye, kuti, tinoziva kuti kuchava neMwenga, uye kuchava nemabiko emuchato achaitwa mumatenga. Zvichave zvamazvirokwazvo kuvepo, sezviri Mwari, nokuti iShoko raVo. Uye tinoziva kuti avo vachaumba Mwenga iwoyo vachange vari Chechi yaVo, uye vachamira pamberi paVo vasina gwapa kana kuunyana. Uye vane zvinhu zvacho zviri panyika zvino

zvekuti vazvigadzirire. Kana mukacherechedza, Rakati, “Iye wazvigadzirira.”

<sup>54</sup> Saka vazhinji vanoti, “Kana Jehovha vakandibvisa mweya wakaipa uyu pandiri, wekunwa, kana kubheja, kana kureva nhema, kana kuba, ndichaVashumira.”

<sup>55</sup> Asi zviriro kwauri. Munoono, unofanira kuita chimwe chinhuwo, zvaka. “Avo vanokunda vachagara nhaka yezvinhu zvose.” Avo vanokunda. Une simba rokuzviita, asi unofanira kunge uchida kuzvisiya pasi. Maona? “WaZvigadzirira.” Ndinofarira Shoko iroro.

<sup>56</sup> Munoono, Mwari havaigona kutisundira nemupombi diki, votidhonzera kunze kune rimwe divi, uye vochibva voti, “Akaropafadzwa uyo anokunda.” Wakanga usina chokukunda; Vakangokusundidzira ukapfuura nemo. Asi unofanirwa kuzvisarudzira iwe pachako. Ndinofanira kuzvisarudzira pachangu. Mukuita izvozvo, tinoratidza kutenda kwedu uye neruremekedzo kuna Mwari.

<sup>57</sup> Abrahama akavimbiswa mwana, asi anofanira kuchengeta vimbiso iyi kwemakore 25, nguva dzake dzose dzakanaka nedzakaipa dzaaive nadzo, nemiyedzo, mumakore 25 iwayo. Asi akabatirira pashoko revimbiso.

<sup>58</sup> Uye Israeri yakavimbiswa nyika yechipikirwa, asi vaifanira kurwira inchi yoga-yoga yayo. “Pose panotsikwa netsoka dzenyu, ipapo Ndakakupai,” Mwari vakataura kudaro kuna Joshua. Yese yaivepo. Nyika yakanga iripo, uye Mwari vakaipa kwavari, asi vanofanira kuirwira.

<sup>59</sup> Zvimwe chetezvo nekupodza kwaMwari. Mwari vane simba rekukupodza, kana uine hushingi hwekuzvigamuchira, asi ucharwira nzira yose.

<sup>60</sup> Mwari vane nyasha dzinoshamisa dzokukuponesa, uye Vachazviita, asi ucharwira nzira yako yose.

<sup>61</sup> Ndanga ndiri seri kwepurupiti, ndichienderera mberi kwemakore 31, uye inchi yega-yega yacho kwange kuri kurwa, nguva dzose. Zvirokwazvo kwange kuri.

<sup>62</sup> “Asi tinofanira kurwa kana tichizofanira kutonga.” Saka tinoono kuti Mwanga unofanira kuZvigadzirira. “Uchinge uchida kuisa parutivi zvinorema zvese zvinotivhiringa zviriro nyore, kuti timhanye nekutsungirira nhangemutange yatakaisirwa mberi kwedu.” Tinofanira kuzviisa parutivi, pachedu. Hatikwanise kuti, “Mwari, iMi huyai, mutiisire izvozvo parutivi.” Tinofanira kuzviita, pachedu.

<sup>63</sup> Zvino, ndinofarira kufunga nezvemichato. Ndakava nemukana wekuchatisa vanhu vakati kuti. Uye ndinofunga, pandinounza jaya nemhandara zasi kuartari, ndovaona vachiuya zasi vachidzika nemuchechi; uye iye, akanaka akapfeka nguwo dzake dzemuchato, nevhori riri pachiso chake rakaremba;

uye chikomba, chakatwasuka, chakapfeka zvakanaka; uye chiri chechidiki uye chizere nesimba, pavanenge vachifamba zasi ipapo vari pakanakisa pehupenyu, uye vatora mhiko iyoyo yemuchato, ndinofunga kuti pane chimwe chinhu chinotapira pazviri. Pane chimwe chinhu chakayereswa, nekuti chinondiyechidza kuti kuchave nemumwe muchato mukuru rimwe zuva, apo Mwenga waKristu uchauya uchifamba uchidzika nemumakoridho emuKubwinya.

<sup>64</sup> Chikomba chinenge chagadzirira zvose. Kuchava nemuchato nemabiko. Tinoda sei kufunga nezvekugara patafura nemumwe nemumwe, uye tichikwazisana maoko, uye misodzi ichiyerera pamatama edu. Uye fungai, Achauya, opukuta misodzi yese kubva pamaziso edu, oti, “Usacheme. Zvose zvapera zvino. Pinda mumafaro aShe akagadzirirwa iwe kubva pamavambo enyika.” Oo, hama, zvinozoita kuti tidanane zvakananyanya.

<sup>65</sup> Ndinofunga kuti ndiro dambudziko neChechi, Mwenga nhasi, wakaumbwa nemachechi ese anotenda muna Kristu. Hachisi chivakwa chechechi, kana kuve riri sangano kana sangano rechechi, asi vanhu vacho vari muchechi ndivo vanogadzira Mwenga.

<sup>66</sup> Ndine shamwari yakanaka muLouisville, Kentucky, Chiremba Wallace Cauble, vaiva mushumiri weChurch of Christ, uye vakapinda ndokugamuchira Mweya Mutsvene, nevafudzi veimwe yemachechi makuru, makurusa muLouisville, chechi yeOpen Door. Vange vari shamwari inokosha zvikuru kwandiri. Zvino mazuva mashoma apfuura, ndakanga ndakamira mumugwagwa, zvino ndakavaona vachidzika nomugwagwa. Zvino ndakagara ndichivada, uye ivo vaindida.

<sup>67</sup> Asi rimwe zuva vakaitwa oparesheni yematonsil, zvino vakanga vachibuda ropa zvekunge vachafa. Zvino vakavaisa zasi ikoko kuChipatara cheSaint Joseph, uye vakati vakanga vava kufa. Zvino Mai McSpadden vakandifonera, vakati, “Chiremba Wallace Cauble.” Ndakanga ndisati ndava kuvaziva ipapo, asi ndaiziva kuti kwaiva nechechi huru yeOpen Door. Vakati, “Vari kufa. Vana chiremba vakavabaya majekiseni, nezvimwe zvose. Vakavasona masitichi. Vari kuramba vachibuda ropa, uye havasi kugona kumisa ropa. Ropa ravo harisi kugwamba, uye, munoziva, kuti zvimise kubuda kweropa.” Uye vakati, “Vane mamishinari imomo, zvino vanoda kuti muuye, kuzovanamatira.”

<sup>68</sup> Zvinoka, ndakanga ndanzwa nezvaChiremba Wallace Cauble, uye saka ndakaita sekuti zengurirei zvizhoma, asi ndakazoendako. Zvino pandakatarisa mukamuri yemuchipatara, maiva nemamishinari nevashumiri vakuru, vose varimo, vachichema nokunamata. Zvino ndakafunga kuti, “Oo, ini zvangu! Iniwo mudiki zvangu, muumburuki mutsvene mudiki, ndipindemo? Zviri nani ndigare kunze kuno.” Saka

ndakaenda seri kwemuchina wemaKokokora waive muhoro. Ndakanamata kuna Mwari, kuti—kuti vamise ropa, kuna Hama Cauble. Ndakadzokera pasi ndokubuda.

<sup>69</sup> Ndichangosvika kumba, angangoita maminetsi 15, foni ichibva yarira zvakare, uye vachida kuziva kuti chii chaive chandinonotsa, kunge ndisati ndaveko. Ini ndikati, “Nda—ndauya. Asi manga muine vakawanda kwazvo imomo. Nda—ndangonzwa kusatungamirirwa kuti ndipinde, pamwe, munoono, muine vazhinji kwazvo, vashumiri vakuru vanga varimo.”

<sup>70</sup> Ndokubva vati, “Huyai izvozvi.” Vakati, “Murume wacho haakwanisi kurarama asarirwa nenguva duku.”

<sup>71</sup> Saka ndakadzokerako, zvakare. Zvino pandakapinda imomo, vakanga vari kuedza kuita kuti vamwe sisita vechiKatorike vagamuchire Kristu seMuponesi wayo; uye ivo vachibuda ropa, uye ropa richitsatika kubva mumuromo mavo. Ndakapindamo.

Zvino vakati, “Makadini?”

<sup>72</sup> Zvino ini ndikati, “Tiripo makadini?” Vainge vakagara pamubhedha, vachikosora saizvozvo, uye ropa richibuda.

Zvino vakati, “Zita renyu ndiani?”

Ini ndikati, “Ndini Hama Branham.”

<sup>73</sup> Zvino vakatanga kuchema, vakandimbundira. Ndakapfugama ipapo.

<sup>74</sup> Zvino, ndiChiremba Wallace Cauble, vechechi yeOpen Door muLouisville. Vanyorerei tsamba. “Ropa rakamira panguva iyoyo.” Harina kuzombobuda, kubvira panguva iyoyo. Maona? Zvino tange tiri shamwari dzakanaka zvikuru, kwazvo kubva ipapo. Zvino rimwe zuva, ndakasangana navo. Ivo ndokuti . . .

<sup>75</sup> Oswald J. Smith, vazhinji venyu munoziva Hama Smith. Mumishinari mukuru, uye vanouya kwaHama Cauble, nokuti vanovafarira zvikuru. Vakati, “Hama Cauble, munoziva,” vakati, “Ini . . .” Chimwe chinhu nezve mudzimai wavo. Vakati, “Pandakaroora kutanga,” vakati, “Ndakanzwa sekunge, zvino, kana ndikakanganisa, ndicha, oo, ndinogona kuwana mumwe,” nekuti vaive vechidiki. “Asi,” vakati, “mushure mekunge vana vazouya,” vakati, “zvinoita sekuoma kunge ndisinaye. Ipapo apo wazosvika makore angangoita 50 okuberekwa, hauna zvaunogona kuita usina iye. Uye paunoramba uchichembera, handiti, iwe—iwe unonzwa saizvozvo.”

Ndakati, “Ndinofunga kuti zvinogona kudaro.” Ndaive . . .

<sup>76</sup> Imwe nyaya yakazouya, munoziva kuti madzimai anotenga sei, zvino mudzimai wangu akanga arimo. Zvino ndiye mambokadzi wazvo zvole. Anongogara nguva yose. Tsoka dzangu dzinonzwisa urombo dzinonga dzoda kundiuraya,

mumugwagwa ndichifamba naye. Zvino vakanga vari kundiudza, vakati, “Zvinoka, hautongogona kugara usinaye.” Uye ndiwo mauyire akaita chirevo chacho.

<sup>77</sup> Pandakaenda kumba, ndakagara mukamuri imomo, ndichifunga, “Ndizvozvo.” Ndakazviisa kune chimwewo chinhu.

<sup>78</sup> Munoziva, pandakatanga kutendeuka mu...ndokuva muparidzi weMissionary Baptisti, ndaifunga, “Kana munhu aive asiri muBaptisti, aive asina kuponeswa. Ndizvo zvoga zvaivapo kwazviri.” Zvino ndaitakura Bhaibheri muhapwa mangu, uye ndaifunga kuti Ishe vakandidana kuti ndiite kuti munhu wose ave muBaptisti. “Uye munhu wese aisatenda sezvazvaitendwa nemaBaptisti, vaive vasiri munyaya yacho zvachose.”

<sup>79</sup> Mazuva paakafamba, ndakafunga kuti ndakanga ndine basa rose rokuita, pachangu. Zvino ndakazoono kuti, ndakacherechedza imwe hama yaiva nechechi, mufundisi. Iyewo aishandawo kudaro, nesimba rake rose sezvandaingoita. Mushure mezvose, basa racho rinotovawandirawo zvakare, munoziva.

<sup>80</sup> Zvino tinozoono kuti, tinoda mumwe nomumwe. Uye zvino, mushure mekunge tatanga kusvika apa patava, zvakangaita sekuoma kuve tisina mumwe nemumwe. Ndizvo zvoga. Tinofanira kutongova nemumwe nemumwe, ipapo. Uye ndinotenda kuti ndizvo zviri mukufamba kukuru uku kwepentekosti. Ndinofara kuona ruzhowa irworwo rwekushaya hanya rwuchikoromokera pasi, Chechi huru yaMwari yakatanga kuzvibanidza pamwe chete mukuyanana. Kureva kuti muchato wava kuswera pedyo zvino. Uye matombo, akanyatsochekwa neimwe nzira yakatsauka, ane nzvimbo pamwe panhu muchivakwa ichocho, kana ari matombo aJehovha.

<sup>81</sup> Zvino, muchato, neimwe nzira, mufananidzo. Muchato wepanyika pano mufananidzo wemuchato wekudenga. Zvino ngatimbozvingorori, kwechinguvana, kuti timbozvidzokorora kwekanguva.

<sup>82</sup> Chinhu chokutanga chiripo, panofanira kuva nesarudzo inoitwa. Chinhu chekutanga, chinotora nzvimbo, muwanano yepanyama, isarudzo inofanirwa kuitwa. Mudzimai wechidiki anofanira kuita sarudzo yake, kuti ari kuda here jaya iri; uye jaya racho, kuti riri kudawo here mudzimai uyu wechidiki. Panofanira kuva nesarudzo inoitwa, uye unofanira kuita. Anofanira kunge ari iye ega mudzimai munyika waunoda, uye anofanira kunge ari iye murume ega. Kana zvisirizvo, saka wakaita sarudzo isiriyo.

<sup>83</sup> Uye ndiyo nzira imwe chete yekuita sarudzo yaKristu. Chinhu chekutanga chaunofanira kuita, kuita sarudzo

mupfungwa dzako kuti uhashumira Mwari here uye woVatora seMuponesi wako, kana kuti hausi kuzozviita. Uri kuzoshumira nyika here? Uhashumira Kristu here? Unofanira kuita sarudzo mupfungwa mako. Panofanira kuva nesarudzo inoitwa. Kana waita sarudzo yako, kuti uhashumira Mwari here kana upfumi, zvino unotora sarudzo yako. Asi sarudzo yacho inofanira kuitwa.

<sup>84</sup> Uye zvino, mushure mekunge sarudzo yaitwa, yauri, kunobva kwauya kutsidzirana. Ikoko, unokuwana paartari. Unofanirwa kuita chitsidzo kubatanidzwa uku kusati kwagona kwaveko. Uye ndizvo zvazviri neChechi yaKristu. Kunofanira kuve kuri kutsidzirana naKristu, chi—chitsidzo, kutsidzirana, nyaya yerudo.

<sup>85</sup> Uye zvakare, chinhu chinotevera, i—ivimbiso dzinoitwa. Panofanira kuva nevimbiso dzinoitwa mumwe kune nemumwe, zvekuti unovimbisa. “Mudiwa, kana ndikakuroora, ndinovimbisa kuti ndichave ndakavimbika uye ndakatendeka. Handizotarisi pane mumwe mukadzi.” Kana kuti, “Handizotarisi pane mumwe murume. Uye ndichaita zvese izvozvo semungava, semudzimai. Tave nevana, ndichaita zvese semungava sa—saamai. Ndi—ndichave muchengeti weimba.” Vimbiso dzose idzi dzinofanira kuitwa, kana kuti dzinotofanira, mumuchato chaiwo.

<sup>86</sup> Uye ndizvo zvimwe chete kana wauya kuna Kristu. “Ishe, kana Mukandigamuchira muHumambo hweNyu, ndinovimbisa.” Hezvoka izvo. “NdichaKudai. Ndichatendeka kwaMuri. NdichaKushumirai, siku nesikati.” Zvanyanyisa kuipa kuti tinozvikanganwa. “NdichaKushumirai, siku nesikati. Ndichatsanya. Ndichanamata. Ndichava akavimbika kwaMuri. Ndichaunza chegumi changu mudura. Ndi—ndicha—ndichanamata, kakawanda pazuva. Ndicha—Ndichaita chero chinhu. Uye ndinotsidza rudo rwangu rwese kwaMuri.” Ndizvo zvaunofanira kuita. Ndizvozvo chaizvo, paunovimbisa izvozvo, uye zvinofanira kubva mumwoyo mako.

<sup>87</sup> Kana ukavimbisa murume wako izvozvo, uye zvisingabvi pamoyo wako, kuti unorevesa, zvamazvirokwazvo hausi kugara naye nenzira kwayo. Zvakaita sechinhu chokungoitawo zvako.

<sup>88</sup> Tarisai pano. Kana—kana usina mazino, uye uchishandisa mazino ekuisira, zvino, izvozvo zvakana. Kutsivanisa mazino awakambove nawo. Asi, chaizvoizvo, mazino iwayero haana kubatanidzwa newe. Haasi chikamu chako. Kana wanga uine ru—ruoko rwakagurwa, uye wosa ruoko rwekuisira, zvino, ruoko irworwo harwuna kubatanidzwa newe. Rwakanganamirwa pauri. Maona? Harwuna kubatana newe.

<sup>89</sup> Uye kana tikatora chitsidzo chedu kuna Kristu, kana tikasava chikamu chaKe, semudzimai anofanira kuva chikamu chemurume uye murume chikamu chemudzimai, zvikadaro

tiri Makristu enhema. Hatisi, chaizvoizvo. Chaizvoizvo hauna kuroorana nemudzimai iyeye. Unogona kunge wakavimbika. Kana usingadi murume wako, uye iye ane makore 60 kana 70, uye usingamudi chaizvo sezvawaiita pakutanga, saka unenge uri kungorerawo vana vake.

<sup>90</sup> Ndizvo zvakaita machechi, akawandisa nhasi uno. Tiri kungutora zita rekuti “Chechi yeChikristu,” tichinyepedzera kuva Mwenga. Izvo, zviri zvekunyepedzera. Hatina kubatana naKristu nenzira ipi zvayo. Takafanana nezino rekuisira, ruoko rwekuisira, ziso rekuisira. Maona? Chimwe chinhu chekuisira kana tiri kungochiisa. Zvino, haugone kuita Chikristu chekunyepedzera. Unofanirwa kuve wakabatana nacho.

<sup>91</sup> Uye ipapo kana chechi inongori yekuisira, inonzi chechi yaKristu, saka, vana ivava havamo Imomo, vakazvarwa nesangano rimwe chete iroro. Ndivo chete... Havasi vana vaKristu. Vana vesangano, uye havasi vana vaKristu.

<sup>92</sup> Kana mudzimai asina kubatanidzwa nomurume mukutendeseka, zvino haazi murume wake. Anongova murume waakaita mhiko yekugara naye, uye mudzimai akaita mhiko isiri iyo. Akavimbisa kumuda, uye akati aimuda, uye haana kuzviita. Nguva yose, murume wacho akanyengereka.

<sup>93</sup> Asi pane chinhu chimwe chechokwadi, shamwari, hatisi kuzonyengera Kristu. Anoziva vari vaKe.

<sup>94</sup> Asi, munoona, kutanga, sarudzo dzinoitwa. Tevere, chitsidzo. Tevere, vimbiso.

<sup>95</sup> Uye, tevere, mhemberero. Zvino ndipo apo mwenga—mwenga anotora zita rechikomba. Haachisiri wezita rokwake. Anotora zita rechikomba.

<sup>96</sup> Zvino kana Chechi yava nemhemberero, vaita vimbiso dzavo, zvino Inotora Zita reChikomba. Zvino haIsisiri chechi yenyika. IChechi yaIshe Jesu Kristu. Ameni. Kwete... Handisi kureva, kudaro, nezita. Ndinoreva, kudaro, neKuzvarwa, nehunhu, nesimba raMwari. NeChokwadi chaMwari chakazarurwa, mumoyo, Inova Chechi yeChikristu, Chechi yeChikristu yechiapostora yepasi rose. Inova chikamu chaKristu. PaInoita izvozvo, Iyo... Kristu anopinza maIri Mweya waKe Amene, Hupenyu hwaKe amene. Uye Bhaibheri rakati, kuna Adhamu naEvha, ipapo, “Hamuchisiri vaviri, asi mumwe.” Uye kana mudzimai, Chechi, yaroorwa naKristu, havachisiri 2. Vave Mumwe. Kristu mauri! Ameni. Ndizvozvo. Hupenyu hwaKe hwaunzwa mauri, ipapo unobva wava Mwenga.

<sup>97</sup> Zvino, chimwe chinhu, mushure mokunge aita mhiko dzose idzi, nezvimwe zvakadaro, uye mhemberero dzataurwa:

<sup>98</sup> Sekuti, mudzimai wangu ainzi Broy asati aroorwa. Iye zvino, haasisiri Broy. Ave Branham. Zvino, haasisiri Broy. Ave Branham.

<sup>99</sup> Uye paunouya muna Kristu, hausisiri wenyika. Uri waKristu. Maona? Hauchina hanya nezvinhu zvenyika. Zvakafa kwauri. “Nokuti uyo anoda nyika, kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harwutombori maari.”

<sup>100</sup> Saka, munoona, haugone kuve Mukristu wekunyedzera. Unogona kuva Mukristu wekunyedzera, wezita.

<sup>101</sup> Asi haukwanise kuva Mukristu, kuva, kusvikira Kristu aZvipinza, kubudikidza nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, mauri. Unobva wabatanidzwa naYe. Hamusisiri vaviri. Mava Mumwe. Kristu akavimbisa kuva matiri, saBaba vaive muna Kristu. “Ini naBaba vaNgu tiri Mumwe. Iwe neNi tiri Mumwe.” Maona? Kristu matiri! Zvose zvaiva Mwari, Vakazvidurura muna Kristu. Uye zvose zvaiva Kristu, Akazvidurura muChechi, kuti ienderere mberi nebasa reEvhangeri.

<sup>102</sup> Zvino tinova, kwete nezita rekunyedzera, asi nemazvirokwazvo eMweya Mutsvene weHupenyu uchitibatanidza muna Kristu. Zvino, kubudikidza nesimba rerumuko rwaKe, takamutswa kubva kuzvinhu zvakafa zvenyika, uye takagara pamwe naYe munzvimbo dzeKumatenga. Amenzi. Ndinozvfirira izvozvo. Manheru ano, takagara munzvimbo dzeKumatenga muna Kristu Jesu, munoona, takamutswa pamwe chete naYe; takafa kuzvinhu zvenyika, uye takatora Kristu. Uye kana tikatora Kristu, zvino nyika inenge yafa, zvino hatizovi nehanya nenyika. Nyika yakafa kwatiri. Uye isu tiri. . . Uye yakafa kwatiri, uye takafa kwairi.

<sup>103</sup> Uri munhu akasiyana, hunhu hwakasiyana, nekuti wave chisikwa chitsva. Chisikwa! Kwete chisikwa chimwe chete, chakakwenenzverwa; kwete mu—munhu angotangidza patsva. Asi munhu akafa, uye akazvarwa patsva, uye akava chisikwa chitsva muna Kristu Jesu, uye Mweya waMwari mupenyu uchigara mumunhu wacho.

<sup>104</sup> Zvino, semudzimai asisiri Broy, ave Branham, uye anodaidzwa nezita iroro.

<sup>105</sup> Uye Chechi haisisiri yenyika, asi iri muZita raKristu, Irimo. Yakabatanidzwa pamwe naYe, neHupenyu hwaKe pachaKe.

<sup>106</sup> Makamboverenga here muGwaro, kuti munhu wekutanga, Mwari vakasika, aive munhu aive mu—muhuviri? Adhamu aive zvese Adhamu naEvha, tichitaura pamweya, asi paVakasika munhu wekutanga mumufananidzo waVo ivo. “Zvino Mwari Mweya.” Asi, paVakavaisa munyama, Vakavapatsanura. Vakatora mweya wechirume, vakauisa mumurume, uye vakatora mweya wechidzimai ndokuuisa mumukadzi.



<sup>107</sup> Zvino, ukaona mukadzi achida kuita semurume, pane chimwe chinhu chakatsveyama. Kana ukaona murume achida kuita semukadzi, pane chimwe chinhu chakatsveyama. Saka zvinoita sekunge nyika yakatsveyama yose, nhasi. Varume vari kuedza kuita sevakadzi; vakadzi sevarume. Ndizvozvo. Ichokwadi.

<sup>108</sup> Zvino tarirai. Zvakanyatsokwana, zvekuti Mwari pavakatora vakagadzira munhu, uye kuratidza kuti Vakanga vasingazvidi kubva mune chimwe chinhu chakasiyana, mudzimai akanga asiri mukusikwa kwepamavambo. Saka haasi mukusika, asi chikamu chaAdhamu. Iye chinhu chakatora kubva pane chimwe. Vakaenda padivi raAdhamu, kwete kugadzira chimwe chisikwa, asi kutora chikamu chechimwe chisikwa ndokugadzira chimwe chisikwa kubva pachiri. Zvino Vakatora mweya wechirume waiva muna Adhamu... Ndokutora mweya wechidzimai wakanga uri muna Adhamu, waro, ndokuwuisa mumukadzi. Saka, zvoise mweya nomutumbi, zvakave chinhu chimwe.

<sup>109</sup> Waive mufananidzo wakanaka kune zvakaitwa naMwari paKarivhari. Vakatora Kristu, ndokuMubatanidza neChechi, kubudikidza nerutivi rwakatsemurwa, Akaunza Ropa rakachenesa munhu, rinochenesa nyama yeChechi, ndokuisa Mweya waMwari mupenyu, waVakatora kubva pamuchinjikwa ipapo, kubva muna Kristu, ndokuUisa mune dungamunhu. Zvino vanova mumwe. Vanova mumwe. Kristu newe muri mumwe.

<sup>110</sup> Uye iwe nemurume wako munofanira kuva mumwe. Kana pane chimwe chinhu chinopesana, ipapo pane chimwe chinhu chakatsveyama nekubatana kwenyu.

<sup>111</sup> Uye kana paine chinhu chinotipesanisa isu, kuna Kristu, hatitendi Shoko raKe, toti, "Oo, zvaive zvemamwe mazuva," pane chakatsveyama pakubatana kwedu naYe. Kana ukati, "Mazuva ezvishamiso akapfuura; hakuna kupodza kwaMwari; hakuna rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene," uchizviisa izvozvo kumwewo kumashure, zvinoratidza kuti Mweya waKristu hausi mauri.

<sup>112</sup> Nokuti, "Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama." Zvino kana Shoko raKe rava nesimba mauri, zvino, unoona, ndiwe naKristu mava chinhu chimwe zvino. "Kana uchigara maNdiri, neShoko raNgu riri mauri, unogona kukumbira chero chaunoda," nekuti hauchisiri iwe zvachose. IShoko raMwari, Kristu mauri. Munova mumwe. Zvakanaka.

<sup>113</sup> Zvino, chimwe chinhu, mushure mokunge mudzimai aita izvozvo, mushure mokunge azadzisa mhiko dzake, uye achata, zvino otera zita remurume wake waachave naye, zita

rechikomba, zvino anove mudyi wenhaka wezvose zvaainazvo. Ndiye mudyi wenhaka yezvose. Mudzimai wako ndiye mudyi wenhaka yezvose zvaunazvo.

<sup>114</sup> Uye ndizvo zviririwa Chechi, dai yaIngozviziva, kuve iri chikamu chaKe neMweya waKe uri maŕi. Akati, “Mabasa aNdinoita muchaaaitawo zvakare. Makuru kune aya muchaaaita, nokuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu. Kwechinguvana, uye nyika haichazoNdioni zvakare; asi muchaNdiona, nokuti ndichava neMi, kunyange mamuri, kusvikira kumagumo enyika.” Zvino ndiKristu mamuri. Makabatanidzwa pamwe chete, uye muri vadyi venhaka pamwe chete naYe.

<sup>115</sup> Uye kana dai Aive pano panyika, Angadai achiitei? Zvimwe chete zvaAkaita ipapo, nokuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Aizenge ari kubatikana nebase raBaba. Aizenge achipodza vanorwara. Aizenge achiita minana. Aizenge achiita chaizvoizvo zvaAkaita paAiva pano panyika, nokuti Anoramba ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Zvakatongokwana. Ndiwo muchato.

<sup>116</sup> Asi, zvino, ko kana mudzimai uyu akaroorwa, otera mhiko dzose idzi nezvose, zvino ova murume womurume uyu, uye iye ari mudyi wenhaka yezvose zvaanazvo, nezvimwe zvakadaro, zvino otanga kupengereka? Anotanga kuita zvekupengereka. Anotanga, kumhanyidzana nevamwe varume. Kwete izvozvo zvoga, asi ari kugoverana rudo rwake nevamwe. Murume nomudzimai wake, vimbiso dzose dzavakaita, uye obva abuda otanga kugoverana hupenyu hwake navamwe, rudo rwake nechido chake navamwe.

<sup>117</sup> Ndizvo zvinoitwa nevakawanda vanongonziwo Makristu, uchigoverana rudo rwako nenyika: kutamba, kudhanza, kubheja, kugara pamba vasingaendi kumisanganano yeminamoto, kuti vaone terevhizheni, mhando dzose dzezvinhu zvenyika zvakatora nzvimbo yerudo rwaMwari, mumoyo wechechi. Ave kungoputika nehasha nezvimwe. Ave kungopengereka. Ave kungobuda achiteverana nevamwe varume. Ari kugova rudo rwake. Anotora chegumi chake chaanofanira kupa kuchechi; achachishandisa pane zvimwe zvinhu kunze uko munyika. Acha...Pane kuti ade Mwari nenzira yaanofanira kuita, uye achiraramira Mwari, uye achida kuuya kuchechi, unoda kutopotsa wamunyengetedza kuti auye.

<sup>118</sup> Handiti, ndinoziva, pano nguva shoma yakapfuura, mu—mumwe mushumiri akandiudza kuti akatumira minamoto yakawanda kwazvo...makadhi akawanda kwazvo, ekuti vanhu vasaine, kuti vaizovimbisa kuuya kuSunday school kutangira pamwedzi 6 pagore.

<sup>119</sup> Zvino ndakanga ndaona musikana mudiki zasi kwechikomo uko, kwandakambenge ndichishanda. Zvino akabuda imomo. Zvino ndakanga ndakamira pamusuwo, ndokugogodza

pamusuwo, iye ndokuuya kumusuwo. Zvino akanga ari wevamwe vematambiro aya ekupenga, munoziva.

<sup>120</sup> Seboka iri ravakatozosungisa zasi kuno kuPhoenix manheru apfuura, ndinotenda kuti ndizvo, vachiita kumwe kutsveyama kutsva uku kwe—kwerock-and-roll, kana zvekuzvongonyoka, chero zvazvaive, zvino vakatozotora mapurisa kuti auye kuzovatora. Vechidiki, hamunzwise here kuti iwoyo mweya wadhiyabhore? Vari pasi perunziro, kusvikira vasisazive zvavaiva, kunze mumigwagwa, vachienderera.

<sup>121</sup> Sevamwe ava vanoita zvenyambo, kana ava vanoridza madhindindi, nevanoridzira vanhu, nevamwe vakadaro, vanoenda munzvimbo yacho, muguta randaiva ndiri. Uye madzimai echidiki achibvisa hanzu dzavo dzemukati ndokudzikandira papuratifomu, kuti mukomana uyu asaine zita rake. Hamucherechedzi here kuti ndidhiyabhore? Mweya wemazuva ekupedzisira. Chokwadi. Zvinonyadzisa kwazvo. Hezvoka izvo, vave kupengereka.

<sup>122</sup> Mudzimai wechidiki uyu, akabuda, achingoenderera. Haana kutomboziva kuti ndaive... Akandikanganwa ndakamira pamusiwo. Iye ndokuti, “Oo, ndiregerereiwo. Ndakanganwa nezvenyu makamira ipapo.” Zvino akakanda tsvodo kumuchinda iyeye aiva paredhiyo, chero zvachaive, ndokuti, “Ndichasangana newe kunze kuGreenbrier Patch,” kana chero zvakwaive. Vaizove neimwe mhando yedhanzi husiku ihwohwo.

Zvino ndakati kuna Chiremba Brown, avo vaiva shamwari yangu.

<sup>123</sup> Vakati, “Ungano yako iri kuramba yakabatirira sei kumusoro uko, Billy?”

Ndikati, “Zvakanaka.” Ndakati, “Tiri kuvapa mapiritsi.”

Vakati, “Mapiritsi emhandoi?”

<sup>124</sup> Ndikati, “Evhangeri. Inoita kuti varambe vachiuya nguva dzese.” Maona?

<sup>125</sup> Zvino vakandiudza nezvazvo, zvekusaina zvitsidzo izvozvo. Ini ndikati, “Chiremba Brown, munofunga kuti airidza zvekupengereka zviya paredhiyo iya aitozofanira here kuti aite kuti musikana iyeye asaine chitsidzo chokuti achange ariko husiku ihwohwo? Kwete zvachose. Aitotengesa hembe dzaaive akapfeka, kuti asvikeko.” Sei? Ndechimwe chinhu chiri maari chakamubatanidza, umwe mweya, kune zvinovaraidza zvenyika izvozvo.

<sup>126</sup> Uye kusvikira Chechi yaMwari mupenyu, inonzi Mwenga waKristu, yazvibanidza naMwari saizvozvo, icharamba ichiumburuka munyika, mumatope echivi, kusvikira yabatanidzwa naMwari nenzira yakadaro, kusvikira mwoyo

wayo wazadzwa nekubwinya nesimba raMwari, kusvikira isisaone chimwe chinhu kunze kwaKristu. Ndizvozvo.

<sup>127</sup> Ndizvo zvatichatofanira kuita. Ndiro zano rega, hurongwa hwega uhwo Mwari vanahwo, kuita chinhu chakadaro. Haufaniri kupinzwa zvekupfekedzerwa. Unofanira kuzvarirwamo, kwete kukwazisirwamo, kana kuuya netsamba kucheche. Asi kuzvarirwa muChechi yaMwari mupenyu, nekuzvarwa patsva, nesimba rerumuko rwaJesu Kristu, zvinokuita kuti uve chisikwa chitsva maAri. Ameni. Ndizvo zvinozvitwasanudzwa. Zvinozviita. Chokwadi. Zvakanaka.

<sup>128</sup> Anotanga kupengereka. Anotanga kugoverana rudo rwake nevamwe, zvinhu zvemunyika, zvaraidzo zvemunyika, achienda kunzvimbo dzaasingafaniri kuenda, achitaura zvinhu zvaasingafaniri kutaura.

<sup>129</sup> Pano imwe nguva ini . . . Vaive nemadzimai . . . imwe mhando yemabiko echechi mukamuri yekumusoro. Zvakanogitika kuti ndaive nezvandaiita ndiri mukamuri yepazasi yemba iyi. Uye ndinokuudzai, ndakambonzwa zvimwe zvinhu zvinonyangadza pandakanga ndiri mutadzi, asi, musangano wemadzimai iwoyo, handina kumbonzwa nyambo dzakaipisisa muhupenyu hwangu hwose. Ungafungidzira here, munhu anonzi Mukristu, anorega tsvina yakadaro ichiyerera kubva mavari?

<sup>130</sup> Haukwandise kuwana mvura inotapira neyakanaka kubva mutangi rimwe chete. Ukaisa bhaketi mutangi, zvino robuda rakazara nemaburunya, tinoaidza kudaro. Paunodzika bhaketi pasi zvakare, rinoburitsa chinhu chimwe chetecho. Tangi racho rinoda kunyatsokweshwa, uye rigozadzwa nemvura yakanaka.

<sup>131</sup> Ndiro dambudziko nechechi nhasi, tichitaura pasi rose, kuti inoda kunyatsokweshwa, yozadzwa nemvura tsvene yaMwari inobva Kudenga. Mwoyo wayo wava chidziva chine tsvina yechero zvinhu zvinouya. Ine vadi vemhando dzose. Bhaibheri rakati yaizova navo. “Vanoda mafaro kupfuura kuda kwavanoita Mwari, vanotyora sungano, vanopomera nhema, vasingagoni kuzvidzora, uye vanoshora avo vakarurama.”

<sup>132</sup> Unoona mudzimai anoedza kurarama zvakanaka, murume anoedza kurarama zvakanaka, murume anova “muumburuki mutsvene,” mudzimai anova “mupengereki,” kana chimwe chinhu chechinyakare. Murambiwa. Anozvidzwa uye anorambwa nevanhu venyika ino. Ndizvozvo.

<sup>133</sup> Asi makambocherechedza here izvo Chechi yechokwadi inofanira kuita? MuTestamente Yekare, pavakanga vaine chi-chibairo, vakauraya shiri imwe, vobva vaisa ropa reimwe pamusoro peimwe yacho, imwe yayo yafa; zvino yaibhururuka nenyika yose, ichiparadzira ropa reimwe yayo yafa. Kana Chechi yava Mwenga waJesu Kristu chaiye, Ichatakura Ropa raJesu Kristu pamwe naYo, ichirisasira pasi, ichidanidzira kuti,

“Mutsvene, mutsvene, mutsvene, kuna Jehovha.” Hupo hwayo, zvese zvayo zvichange zviri zvaMwari. Masikirwo ayo ose achava aMwari. Hapana chimweze chaungatarisira.

<sup>134</sup> Ndicho chikonzero vanhu vachiuva kucheche, zvakare. Kwete kuzotamba makasa nekutamba poker, kudhanza mukamuri yepazasi, kuva nesvusvuro yemuto nezvimwe zvakadaro. Ndezvenyika. Uye hatizombofi takakwanisa kuenzana navo, uye tinyonyadzisa nekuda kuzviedza. Tinofanira kuparidza Mweya Mutsvene, musimba, uye nerumuko rwaKristu. Tine chimwe chinhu chavasina. Ngatizviramei, kwete kuyedza kuvatevedzera. Kurarama zvatinoziva kuti zvakarurama. Rarama muna Kristu. Jesu akati, “Kana Ndikasimudzwa, Ndichakwevera vanhu vose kwaNdiri. Imi muri munyu wenyika. Asi munyu uchisina kurunga kwawo, zvino hauna zvaunobatsira kunze kwekuraswa nekutsikwa-tsikwa pasi petsoka dzevanhu.” Zvapupu zvedu!

<sup>135</sup> Ndosaka, kunyange mapoka edu ePentekosti, nekuvenga kwandinoita kuzviture, mapoka edu ePentekosti ari kuwira muchinhu chimwe chete ichocho, mumaitiro mamwe chetewo. Uye ndicho chikonzero vanhu vanoti havana zvavanotaura kuti vanazvo. Chechi ino yekufamba kwechipentekosti inofanira kunge yakanyatsosunganidzwa pamwe chete nesimba raMwari Samasimba, kusvikira Hupenyu chaihwo hwaJesu Kristu huratidzwe maIri.

<sup>136</sup> Asi tinoda kuzvifananidza nenyika. “Tichazviita, zvakadaro.” Maona? “Tinoda kuva nenzira yedu pamusoro pazvo.” Asi isu hatifanire kuzviita. Hazvina kunaka kuzviita. Machechi angofanana nemudzimai, ava kupengereka.

<sup>137</sup> Chinhu chekutanga munoziva, inoita zvakanaka, pakutanga apo Mwari pavakabereka Chechi yepentekosti iyi, makore angangoita 40 kana 50 akapfuura. Yairarama hutsvene. Yakanga iri tsvene. Simba raMwari raiva nayo. Asi tichienderera mberi, takatanga kuita senyika.

<sup>138</sup> Chinhu chekutanga munoziva, tinofanira kuva nechivakwa chakakura kwazvo zvekuti chinofanira kukunda maMethodisti vari pane imwe kona. Tinofanira kuva nechimwe chinhu chikuru, chinhu chikurusa, uye nechinhu chikurusa, uye nechinhu chikurusa. Zvinonyadzisa. Vazhinji vedu tinozovitutumadza kana tawana...Hama yePentekosti inotarisisira mumwe munhu pasi, misheni diki, kana chechi duku-duku, zvino ivo vanoenda kucheche hombe. “Isu tiri vechechi yekutanga, kana chechi hombe,” kana chimwe chinhu chakadaro; vovatarisira pasi.

<sup>139</sup> Chaunoda Mweya Mutsvene, kuti ukubvise kuzvitutumadza zvishoma, ndizvozvo, wokuita kuti uzive kuti rubhabhatidzo rwechokwadi rweMweya Mutsvene rwunoita kuti ane sutu yetuxedo ambundire ane hovhorosi obva ati, “hama.” Ndizvozvo.

Ruponeso chairwo rwekare, simba raMwari Samasimba, hongu, changamire, runoita kuti wedhirezi resiriki rekare ambundire wekariko, uye oti, “Sisi, ndinokudai.” Chokwadi achadaro.

<sup>140</sup> Asi tinotanga kubuda pamwe nenyika, tichiyeredzwa nemafungu. Chechi yedu yazviita. Hatichafaniri kuti titaure nezvemaMethodisti nemaBaptisti zvachose. Ndisu pachedu. Zviri pakati pedu chaipo. Ndicho chikonzero Mweya Mutsvene usingagone kufamba. Ndicho chikonzero ndichiti Mwari havakwanise kuisa mvumo yaVo pane chero sangano manheru ano. Nokuti, Marudzi haana kubuditswa serudzi. Vakanga vari vanhu vakabva kuMarudzi, nokuda kweZita raVo. Mwari vachatora munhu ari ega.

<sup>141</sup> Zvino, ndinofunga kuti masangano edu anoita basa rakanaka. Zvakanaka hazvo. Asi haugone kuvimba nazvo, woti, “Ndiri mupentekosti, nokuti ndiri wesangano rePentekosti.” Uri mupentekosti paunowana chiitiko chepentekosti. Handina basa kana uri wechechi yeKatorike, uri mupentekosti. Haukwanise kuita kuti Pentekosti ive sangano. Pentekosti chiitiko, kwete sangano. Uye ndizvozvo.

<sup>142</sup> Asi isu vanhu vePentekosti takatanga kufunga, nokuti tine zita rePentekosti, tinogona kuenderera mberi nekugara munyika, tichiita chero chinhu chatinoda. Tiri kuita sekukwira shongwe yaNimrodhi; ichaita madota. Seapuroni yemashizha emuonde yaAdhamu; ichaparara. Semuraini weSiegfried muFrance, muraini weMaginot muGermany; wakaparara.

<sup>143</sup> Nekuti, hakuna imwe shongwe, hapana pamwe pokumira. “Asi Zita raJehovha ishongwe yakasimba yekuti vakarurama vanomhanyiramo uye vakachengeteka.” Kana wamhanyira maRiri, unotora Zita, Zita; kwete kungodaidza Zita, asi Zita nemunhu uyo wauri, wakafanana naKristu muhupenyu. Amen. Anoshamisa. Hongu.

<sup>144</sup> Chechi yakaita zvimwe chetezvo, kuita hupombwe hwepamweya, semudzimai aizogovera rudo rwake kubva kumurume wake kuenda kune mumwe murume. Mudzimai iyeye haana kukodzera kugarwa naye. Munozviziva izvozvo. Zvino chechi painotanga kugoverana yanano yayo nenyika, Mwari ndiMwari vane godo. Vakaramba Israeri nokuda kwaizvozvo, uye Mwanakomana waVo acharamba chinhu chimwe chetecho.

<sup>145</sup> Achava neMwenga asina kuunyana maAri. Amen. Wakasukwa zvizere neRopa raKe pachake. Ndizvozvo. Saka tinoona patinomira, muchato uchigadzirira kuuya.

<sup>146</sup> Zvino, tinoona kuti anoita hupombwe hwepamweya, achibuda nenyika, achitaura chimwe chinhu, achirarama zvimwe zvakasiyana. Izvozvo hazvimbofi zvakashanda. Zvinofanira kuita chechi, kuita sezvakaitwa naEsteri. Esteri akaramba zvizhongo zvenyika.

<sup>147</sup> Tinoziva bhuku duku riya raEsteri, kuti Modhekai... Babamudiki vake vaive nemwanasikana. Uye vaiveko munguva dzekutonga kwevaMedhia nevaPerezi. Mufananidzo wakanaka kwazvo ipapo. Mambo, mumwe wemadzimambo makurusa pasi rose zuva iroro, akaita mabiko makuru. Zvino akadana mambokadzi kuti auye kuzogara pedyo naye, asi haana kuzviita. Akaramba kuzviita. Saka akaiti? Akanyadziswa kwazvo, akashaya zvokuita, kuti mudzimai wake pachake aramba kuuya.

<sup>148</sup> Ndinofunga kuti ndizvo zvimwe chete naKristu nhasi. Kristu akatikoka kuti tigare munzvimbo dzeKumatenga pamwe naYe, zvino tinonyara nazvo. Vanhu vazhinji vanonyara kutaura kuti vakawana rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Vanhu vePentekosti, ndizvozvo, vanonyara kuzvitaura. Tinonyara naYe.

<sup>149</sup> Zvino nokudaro mambokadzi haana kuuya. Akaramba kuuya. Zvakamunyadzisa. Chiso chake chakatsvuka. Munhu wese akazvicherechedza.

<sup>150</sup> Handizive kana chiso chaJesu chisingatvukewo zvishoma, zvakare, paAnotidaidza kuti tiite basa, paanodana chirongwa chePentekosti kuyanano nehukama, uye takanyatsozviita masangano tiri mumapoka madiki kusvikira tinoshaya hanya nevamwe. Tiri kunyatso, kunyatsova venyika nezvinhu zvakadaro, tava kunyara nezita rePentekosti. Vamwe vanhu vanotyana kutaura. Woti, “Zvakanaka, ndi—ndiri we... Ndiri Mukristu, asi...” Ndinofara kuti ndine chitiko chepentekosti. Amen. Ndinofara kutakura Zita raJesu Kristu. Mukana mukurusa wandati ndambova nawo, wokuti ndiri chikamu chaKe.

<sup>151</sup> Zvino tinoona kuti, zvino, akawana zvipangamazano, vekubvunza zvaanofanira kuita. Ivo ndokuti, “Kana izvi zvikaramba zvakadai, vamwe vakadzi vose vemunyika yose vachatora muenzaniso womudzimai wemukuru wenyika.”

<sup>152</sup> Chokwadi, ndizvo zviri kuitika manheru ano. Ndinotarisa vamwe vemadzimai aya. Ndinovimba handisi kukurwadzisa manzwiwo ako, asi zvakadaro ndinozviita, ndinovimba ndinozviita. Uh-huh. Ndizvozvo. Kuedza kuva izvi pano zvinhu zvemudzimai wemutungamiri wenyika, nemabhibho aya mumusoro. Handisati ndamboona chinhu chakadaro muhupenyu hwangu hwose.

<sup>153</sup> Rimwe zuva kwakauya mumwe mudzimai muchitoro umu mandaive ndakamirira mudzimai wangu, zvino musoro wemukadzi uyu wakanga wakakura *kudai*, uye akanga aine pendi yegirini muzasi memaziso ake. Ndakati, “Dzokera zvako, iwe chinhu chinotyisa. Ndichaita zvakanaka.” Waive muono waive wakashatisisa. Waitokuvhundutsa. Chii ichocho? Mudzimai wemutungamiri wenyika. Ndemudzimai wemutungamiri wenyika. Ndizvozvo. Zvino vanotora muenzaniso kubva ipapo.

<sup>154</sup> Zvino regai nditaure izvi zvino. Handina kuzvitaure ndichiseka, asi mumufananidzo, kuti muone. Ndizvo chaizvo izvo imi Makristu akura muri kuitira vechidiki ava. Chaizvoizvo. Munofanirwa kuva mienzaniso. Imi maPentekosti munoti mune Mweya Mutsvene, munofanira kuva muenzaniso kumaMethodisti, nemaBaptisti, maPresbyteriani. Kwete semudzimai wemutungamiri wenyika, asi munofanira kuva saJesu. Anokuudza *Muno* zvekuita, maitirwo azvo. Tinofanira kutevera mirairo nemienzaniso yaKe. Asi ndiyo nzira yatinozviwana zviri. Esteri. . .

<sup>155</sup> Mambokadzi uyu, akaramba kuzviteerera. Akaramba kuuya; akamunyadzisa. Akati, “Kana—kana mudzimai wemukuru wenyika uyu akapa muenzaniso wakadaro, mamwe madzimai ose achazviita. Saka zvino kana murume akadana mudzimai wake, iye obva ati, ‘Tibvirei pano musatisembura.’” Maona? Vakomana, akanyatsofanoudza America, haana here? Zvino, tinoona kuti, mukuita kudaro, zvino pakanga paine mumwe murume akanga aine huchenjeri paari, akauya ndokupanga mambo. Akati, “Chinhu chekuita kumudzanga. Uye mugotumira nomunyika yose, zvino kwounzwa mhandara dzose dziripo, mhandara dzechidiki, zvino ipapo mozvisarudzira mudzimai.”

<sup>156</sup> Zvakafadza mambo. Saka akatuma, uye akatumira varandakadzi, navamwe vakadaro, vakabuda ku—kunosarudza mhandara dzose dzechidiki dzaigona, tsvarakadenga dzaive kwese muhumambo nematunhu aaitonga, hwakanga huri hukurusa pasi rose.

<sup>157</sup> Zvino paakadaro, zvakasvika kumusikana mudiki wechiJudha uyu. Aiva akaita sekunge akaraswa, nokuti, seMarudzi, munoona, aive akarasirwa kune rimwe divi. Zvino akanga asina baba namai. Uye Modhekai, hanzvadzi yake yekwababamukuru yakanga ichimurera. Uye akatozoendawo, kuti akodzere.

<sup>158</sup> Uye saka zvavakaita, vakatotora vasikana ava kuti vacheneswe kwemwedzi yakatemerwa. Vakatovaisa vachonhuwira nekuita mhando dzese dzekuvashongedza, nekunyatsovagadzirisa, kuti vagokwanisa kuenda pamberi pamambo.

<sup>159</sup> Zvino, ndiyo nzira iyo nyika inoda kugadzirisa chechi nhasi. Kuishongedza nenyika; kutevedzera zvinhu zvenyika; vachiedza kuti vawedzere dzimwe nhengo, vachitora chero zvacho muyanano yavo. Ini zvangu! Chinhu chinisiririsa. Rimwe sangano riri kuedza kukunda rimwe, rongotora chero chii zvacho senhengo. Unogona kuvatora musangano rino, asi havafe vakauya mukuyanana naKristu kusvikira vacheneswa uye vazvarwa patsva neMweya waMwari. Ichokwadi. Vanogona kunge vaine zita ravo mubhuku pano, asi kwete kumusoro Uko,



muBhuku reHupenyu reGwayana, kusvikira ranyorwa neRopa raIshe Jesu.

<sup>160</sup> Vakadzi vose, vakazvigadzirisa, kuti vataridzike vakanaka. Uye, oo, ndinofungidzira kuti vakave chaizvo nekumwe kutarisika pavari, zvichida vachitevedzera mudzimai wemutungamiri wenyika nevamwe vakadaro. Vakanyatsozvigadzirisa nokuti vakanga vari kuzoenda kunomira pamberi pamambo.

<sup>161</sup> Ndinofunga kuti ndiro dambudziko rakanyanya riri kuitika nemakereke edu nhasi. Vari kuedza kuzvigadzirisa, zvemunyika, vachiva nevaraidzo zenyika, zvinhu zvenyika mairi, vachiita zvinhu zvenyika, vachiwadzana zenyika, vachifunga kuti vanogona kusangana naMambo. Mwari havana basa nazvo. Vanozvivenga izvozvo. Asi tinoda kuita senyika.

<sup>162</sup> Dzimwe chechi dzedu, ndati, dzakaderedza chiyero, vachipinza madhikoni, nevamwe vakadaro, muchechi, uye dzimwe nguva vafundisi, vakarooro ka 4 kana ka 5, uye—uye nevamwe vavo vanoputa fodya. Voti, “Vacha—vachazvisiya havo. Vachaita havo zvakanaka.” Vanotoro mumwe murume kubva mubhawa humwe husiku, vomuisa mupurupiti husiku hunotevera. Handitendi mune zvinhu zvakadaro. Ndinotenda kuti munhu anofanira kuyedzwa, ndizvozvo, kuyedzwa. Ndinokuudzai, kakawanda tinodana . . .

<sup>163</sup> Ndinotenda murubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Ndinotenda mukutura nendimi, asi ndinofunga tinonyanyosimbisa pane izvozvo. Murume anogona kutaura nendimi, uye mukadzi anotaura nendimi, zvino kana hupenyu hwemudzimai nehupenyu hwemurume husingaenderani nendimi dzaUri kutaura nadzo, ipapo indimi dzisidzo, nokuti Mweya Mutsvene uchakuita kuti uite seBhaibheri. Unokusvitsa pahuzaro hwechimiro chaKristu.

<sup>164</sup> Wotoro munhu anotaura nendimi, ane hasha dzakakwana zvekurwisa saha repamuchina, nokunyeya vavakidzani, nezvose zvakadaro. Handiti, munodaizva izvozvo kuti Mweya Mutsvene? Hazvigi kudar. Kwete, changamire.

<sup>165</sup> Mweya Mutsvene hunyoro, mufaro, rugare, mwoyo murefu, hunaku, kupfava, kutsungirira, kutenda. Mweya Mutsvene, ndicho chibereko cheMweya, icho Mweya Mutsvene unobereka muChechi yaMwari mupenyu, kutapira, nekuzvininipisa, kuninipa, rudo kune mumwe nemumwe, moyo murefu.

<sup>166</sup> Kana hama yakanganisa, usabva wangomurova kana chimwewo chinhu. Mutevere uone kana ungakwanisa kumudzosa. Usamirire muparidzi kuti azviite. Zviite iwewe, mumwewo munhu. Muparidzi haagone kuzviita zvese, uyewo kana madhikoni. Munhu wese, inhengo yeMutumbi uyu waKristu, anofanira kutevera imwe hama yake. Tine . . . Uye kana tine Mweya waKristu matiri . . . Akadzidzisa mufananidzo

mukuru. Vakasiya 99, vakatevera 1 iroro. Ndizvo zvatnofanira kuita. Asi tinoti, “Oo, regai vaende.” Hatimbofaniri kuita izvozvo. Tinofanira kuva vanyoro, vanoregerera, vane mwoyo murefu. Ndicho chibereko cheMweya.

<sup>167</sup> Zvino, tinozviwana zvino, kuti Esteri, mushure mekunge iye. . . Vakamuisa mune imwe yenzvimbo idzi, kuti azvigadzirise, kuti aratidzire pamberi pamambo. Ini zvangu! Akazviramba. Akanga asingazvidi. Aida kubuda sezvaaingova. Ameni.

<sup>168</sup> Nhasi tine machechi anoda kuita senyika, kana kuti nekuda kwekuti tinokura. Mwari vakati, “Imwe nguva paakanga achiri mudiki, vakaMuponesa. Asi paakakura, vakabva vaMukanganwa.” Ndizvozvo.

<sup>169</sup> Patakanga tine chipoto zasi kuno mumukoto pane imwe nzvimbo, netamborini, tichiiridza kuseri kwemaoko edu; negitare rekare, tichiridza; uye tichiva nemusangano wemumugwagwa, maive makazvininipisa. Asi patakasvika pakuva nezvivakwa zvemadhora mamiriyoni 3 kana 4, nezvinhu zvikuru zvakadaro, zvino tinozvitutumadza tokanganwa nezvazvo, ndizvozvo, tozvikwenenzvera nyenya.

<sup>170</sup> Ndakanga ndiri mune imwe nzvimbo rimwe zuva apo, imwe hama yehutsvene, paiva neboka revanhu vaimushandira. Zvino kana mudzimai wese akabuda ipapo panguva yekofi, achizorora panguva yekofi, mukadzi wese aivemo aive nevhudzi pfupi uye akapenda muromo. Zvino, munoti, “Hama Branham, hamufaniri kunge muchitaura izvozvo.” Ndinotofanira. Bhaibheri rinotaura kudaro. Ndizvozvo.

<sup>171</sup> Vazhinji vevakadzi vePentekosti vakapfeka zvipfeko zvemurume, uye Mwari vakati chinyangadzo pamberi paVo. Ndizvozvo. Unotarisisira kuenda Kudenga sei wakadaro? Zvinoratidza kuti Mweya Mutsvene hausi imomo. Dai Mweya Mutsvene waiva imomo, Waikupa mhosva. Ndizvozvo. Oo, unogona kudandizira, kutaura nendimi, kumhanya uchikwira nokudzika, kutamba mumweya. Ndakaona maHindu achiita izvozvo, nemaIndia, nezvimwe zvose. Hazvina zvazvinoreva, kunze kwekunge paine hupenyu hwunotsigira zvauri kutaura nezvazvo, simba reMweya Mutsvene, rinoita vanhu vanorarama zvine humwari. Ndiwo Mwenga waKristu.

<sup>172</sup> Esteri aive ari kuzova mwenga, saka akanga asingadi kushongedza kwenyika kupi zvako. Aida kupinda, kuna mambo, sezvaaingova. Akazvishongedza sezvinofanira kuitwa nemadzimai epentekosti, nemweya munyoro wakaninipa. Uye apo vese ava vakadzi vemutungamiri wenyika vaivaimira, pavakauyapo, nezvishongo zvavo zvitsva, mambo akavatarisa, ndokuvaisa muimba yomukati pamwe nevarongo. Asi Esteri uyu paakasvika mumeso ake, uye akaona mweya iwoyo unotapira, wakazvininipisa, munyoro, akati, “Ndiye uyo. Endai munotora korona muise pamusoro wake.” Ndizvozvo.

173 Ngavazvishongedze nemhando yemweya wakadaro, kwete vakadzi chete, asi varumewo, zvakare, vazvishongedze nemhando yemweya wakadaro. Zvino unenge wogadzirira kuva Mwe—Mwenga, anotapira, anoremekedza. Esteri akachenesa mwoyo wake.

174 Pane zvakawanda zvatinoitira hanya, zvekunze izvi, oo, unofanira kuva nezvinobvisa kuunyana kweganda zvakawanda kudai, uye *neizvi* zvakawanda kudai, zvi—zvinoenderana nazvo.

175 Pano imwe nguva yakapfuura, ndaive ndakamira mu—mumiziyamu zasi kuTennessee. Ndakapfuura nepane imwe nzvimbo diki, uye yairatidza ongororo yemuviri wemunhu. Yaiti murume airema mapaundi 150, pamishonga aikosha 84 senzi. Zvino, uri mumwe munhu, handizvo here, 84 senzi? Uye mamwe madzimai vachadaro, madzimai ePentekosti, vachapfeka jasi remadhora 500 vosimudza misoro yavo, kana kwaizonaya, yaizovanyudza, uye havasitombori 84 senzi, ndizvozvo, pamishonga. Ndicho chokwadi, kwete jee. Ndicho chokwadi. Masenzi 84, madota machena anongokwana kumwaya padendere rehuku, netucalcium tushoma nezvimwe zvakadaro. Masenzi 84, nyatsozvitarisaisai nepedyo.

176 Unoenda murestorandi uye wonowana...wowana mbiya yemuto uye mova nebuwebuwe mairi, waizomhan'arira restorandi yacho.

177 Asi unorega dhiyabhore achiisa materevhizheni ekare akasviba nezvinhu zvemakasa muhuro yako, wozvimedza; okuita kuti upfeke hanzu dzekare dzisina kuchena, madzimai aya, tuhembe tudiki tweekare utwu twunobata seganda riri pasochisi, uye wofamba kunze kuno mumugwagwa saizvozvo. Uye unoziva, hanzvadzi yangu, handisi kutaura izvozvo senyambo. Unopotsa kundinzwisisa.

178 Teerera. Ndiri kutaura izvi. Ukaita saizvozvo, uye paZuva reKutongwa uchanzi uri mhombwe. Ndizvozvo. Jesu akati, “Ani naani anotarisa mukadzi kuti amuchive atoita upombwe naye mumwoyo make.” Zvino kana mutadzi iyeye achifanira kuzvidavirira pakuita hupombwe, ndiani iyeye? Iwe. Ndiani akazvikonzera? Iwe. Ndizvozvo. Kana ukazviisa kunze uko, kutaridzika pamberi pevarume, kuti uve senyika uye nekupfeka senyika.

179 Ndakazvitauro imwe nguva, uye mumwe mudzimai, Louisville, Kentucky, akati, “Zvinoka, teerera! pano, VaBranham. Ndinoda kukupai kunzwisisa iko zvino!”

Ndakati, “Hongu, amai?”

Akati, “Ndiyo chete mhando yemadhirezi avanogadzira.”

Ndakati, “Vanogadzira michina yekusona nokutengesa machira.”

<sup>180</sup> Imhaka yekuti unozvida. Pane chimwe chinhu chakatsveyama mauri. Ndizvo chaizvo. Hauzviite nekuti ifashoni. Hauzviite kwete nekuti unofanira kuzviita. Unozviita nokuti unoda kuzviita.

<sup>181</sup> Unosvuta nokuti unoda kusvuta. Hausungirwe kudaro. Ini ndinofunga kuti chinhu chine hupenzi hwakanyanyisa chandati ndamboona aive mukadzi aienda achidzika nemumugwagwa, sezvaunoono vese, mumotokari, vaine midzanga iyoyo pakati peminwe yavo. Handiti, zvinonyadzisa. Ndiho hutengesi hukurusa hwenyika hwatiinahwo munyika, apo vanachiremba nesainzi yezvokurapa vanoti izere nekenza nezvimwe zvese. Uye vanoiputa, nguva dzose.

<sup>182</sup> Unooona mudzimai, anofanirwa kunge ari Mukristu, akazvambarara pamahombekombe, pakasangana varume nevakadzi, akapfeka nguo yekutuhwinisa, akazvambarara ipapo. Ndine vasikana 2. Handiti havangazozviita. Vanoti vari kuwana kushandurwa kweruvara rweganda nezuva. Vachawana shanduko kubva kumwanakomana kana ndichiri kurarama. Achave mwanakomana *weizvi*. Maona? Achange ari mwanakomana waVaBranham, aine chipuranga chakareba *zvakaipai*. Ndinotenda kuti zvakaipai.

<sup>183</sup> Tinobva tazvidaidza kuti, “Oo, isu tiri nhengo yechechi yePentekosti.” Oo, munonyadzisa! Ndizvozvo. Chechi yePentekosti inoda kucheneswa, nzira yose kubva kumberi kusvika kumashure, nenzvimbo yezasi uye nekamuri yapazasi, neimba yapamusoro. Ndizvozvo. Uye zvakaipai, mune zvese, ndizvo zvakanakisa zvatinaizvo. Asi zvinogona. . .

<sup>184</sup> Sezvakaita munguva yechimurenga uye munguva yaJoan wekwaArc, France yaida shanduko nechimurenga, zvino vanoda mumwezve anopikisa muchimurenga kuti agadzirise zvimwe zvezvinhu zvavaimukira.

<sup>185</sup> Zvino kereke yePentekosti inoda shanduko nechimurenga. Ndizvozvo. Zvirokwazvo inoda. Kumukira zvinhu zvisina kunaka, uye nokugamuchira zvinhu zvakanaka, ameni, rubhabhatidzo rutsva rweMweya Mutsvene: “Chechi kuti iZvigadzirire!”

<sup>186</sup> Rangarira, hazvizombodaro. . .Haugone kuti, “Zvinoka, zvino, ndiri *weiyi*, Assemblies. Ndiri weFoursquare, kana Church of God, kana Jesus Name,” kana—kana chero emamwe acho. Bodo! Haugone kupinda nechero yerimwe rawo.

<sup>187</sup> Mwari vanokudana sedungamunhu. Uye ndiwe unofanirwa kuchenesa, nekuti, “Vari kutora vanhu kubva kuMarudzi, kuitira Zita raVo, Mwenga waVo, weMarudzi.”

<sup>188</sup> Esteri akazvichenesa. Akachenesa moyo wake. Ndizvo zvaakachenesa. Ndizvo zvinodiwa nechechi: kuchenesa mwoyo.

“Unochenesa sei mwoyo wako, Hama Branham?”

189 “‘Kugezwa nemvura yeShoko,’ kubudikidza neRopa raJesu Kristu.”

190 Bhaibheri rakati zvakaipa kuti madzimai aite saizvozvo, uye kuti varume vavarege vachizviita. Ndimi muri vaviri. Murume anotendera mudzimai wake kubuda mumugwagwa asina kupfeka, aine mbatya dzakadaro, ndine neruremekedzo ruduku kwaari rwekutombova ari murume. Iye chimbwasungata. Ndizvozvo. Mudzimai anomushandisa sejira rekusukisa ndiro. Unonyadzisa. Munofanira kuva varume.

191 Uye mufundisi anotendera chechi yake kuti iite nezvinhu zvakadaro, asinganyatsozvikesha papurupiti. Anoita semukadzi. Chatinoda varume, Vhangeri, kwete nemagirovhosi erubha, asi nesimba nekuratidzwa kweMweya Mutsvene, neShoko. Bhaibheri rinoti zvinhu izvi zvakaipa. Zvakaipa kuti vanhu vaite nenzira iyoyo, kuita nenzira iyoyo. Zvinofanira kuparidzwa, nokuraramwa, uye nokwose-kwose. Kana kuti, chechi inoda kunatswa, kucheneswa.

192 Esteri akanatsa moyo wake pamberi paMwari, akafamba aine mweya munyoro nokuzvininipisa; Chechi ichazova Mwenga waKristu. Zvino, rangarirai, Esteri akaramba zvisihongo zvenyika. Akatora Mweya mumwoyo make, kuti aende pamberi pamambo.

193 Zvino mudzimai nhasi, chechi inofunga kuti ichapinda nokuti ine nhengo dzakawanda, ndiyo ine chaunga chinopfeka zvakanakisa, ine sanganano gurusa, chechi hurusa muguta, nezvinhu zvakadaro, uchazvipotsa mamaira miriyoni kana uri kuvimba naizvozvo.

194 Mweya unotapira, wakanaka, une ruremekedzo kuShoko raMwari, “wakashambidzwa nemvura yeShoko,” uye Shoko riri mauri. Kushambwa. Amen. Chechi inoda kushambwa, kushambwa kuzere neVhangeri. Ndizvozvo. Kwete kungoshambwa muchidimbu, asi kushambwa kuzere neVhangeri, kucheneswa, “kuitwa zvisikwa zvisva muna Kristu Jesu.”

195 Mwenga waJesu hausi mwenga une tsvina. Haazove neMwenga waKe, une tsvina.

196 Kana mudzimai akauya kuzoorwa, uye achitaridzika sokunge abuda mudanga renguruve kunze uko; murume ane chiremerera paari, haaizomuroora. Aizomuita kuti azvichenese.

197 Uye kana chechi yaKristu yauya kuzoorwa, ichifunga kuti iri kupinda muMwenga, nyenya yose yakanamatira pairi, Mwenga waKristu hauzove wakadaro. Kwete, changamire.

Ndinofanira kukurumidza.

198 Kana Chechi yaKristu, yaIshe Jesu Kristu, Chechi iyoyo haisi Chechi ine mamvemve, futi, ine mamvemve akasakara emasanganano. Haisungirwe kunge iri nhengo yerimwe sanganano

guru. Inofanira kugezwa neRopa, yakatengwa neRopa. Kwete kuti tiri vechechi hurusa, sangano gurusa, kana *iri*, *iro*, kana *rimwewo*. Anofanira kuva akachena, akacheneswa, mutsvene, asina gwapa kana kuunyana, neRopa reMuponesi wake—wake, Jesu Kristu.

<sup>199</sup> SaEsteri, Munhu akavanzika ari mumoyo, Munhu akavanzika, hunyoro nekupfava kweMweya waMwari, mumoyo wemunhu; kwete kubwinya nekubudirira kwemunyika.

<sup>200</sup> Ndagara ndichiti nyika inopenya; Vhangeri rinobwinya. Oo, zvakasiyana nemamaira miriyoni. Hollywood inopenya; Chechi yaKristu inobwinya nerunako, uye yakapfava, uye inotapira, ine mutsa. Ndizvozvo.

<sup>201</sup> Esteri akanga asingadi kuzvishongedza nezvipfeko zvose zvechimanjemanje zvenyika. Zvaisazotaridzika semudzimai wamambo.

<sup>202</sup> Uye isu, tichida kuita senyika, zvino zvingaratidzike here seMudzimai weMurume Mutsvene? Isu, seChechi yaMwari mupenyu, tinozvishongedza nezvinhu zvenyika, tobva tataridzika seMudzimai weMurume Mutsvene? Izvozvo zvingaratidzika sezvepamasikirwo here?

<sup>203</sup> Kana ukaona murume nhasi, anofanira kunge ari murume mutsvene; heuno mudzimai wake achiuya, semudzimai wemutungamiri wenyika, imwe yemagadzirirwo ebvudzi aya makuru akaita sezvizi; nezvinhu zvitsvuku kune rumwe rutivi, nezvegirinhi kune rumwe rutivi, uye—uye oita seakarohwa pamuromo nebhurasho rependi; nemhando dzese dzezvinhu izvi zvakadaro, achifamba achidzika nemumugwagwa, akapfeka hembe diki dzinobata seganda riri pasochisi saizvozvo; nemahiri akareba *zvakanaka*, achizvonyongoka, achinyezuka achidzika nemumugwagwa; woti, “Mudzimai wemurume mutsvene?” Handisi kutaura nyambo. Ndiri kungotaurawo zvirevo chete.

<sup>204</sup> Ndakauya kune rimwe ramasangano edu makuru ePentekosti, pano nguva shoma yakapfuura. Ndakanga ndakadzika tende. Zvino mufundisi akati kwandiri, akati, “Mudzimai wangu ndiye anoridza ogani.”

Ndakati, “Zvakanaka, hama.”

“Mungave nebasa nazvo here akaridza?”

Ndikati, “Kwete. Kwete, changamire. Chokwadi handina basa nazvo.”

<sup>205</sup> Zvino akaenda kuna maneja. Maneja akati, Hama Baxter, vakati, “Zvakanaka.”

<sup>206</sup> Akati, “Hama Branham, huyai kuno. Ndinoda kuti musangane nemudzimai wangu.” Zvino ndakaenda ikoko.

<sup>207</sup> Ndapota mundiregerereiwo. Maona? Handisi kuedza, kuti tingoita chi—chirevo. Ndiri kuedza kuita chitaurwa. Maona?

208 Zvino mudzimai uyu aive nezvimwe zviya pano zvependi zvemunzara. Handizive. Zvinhu zviya, munoziva, zvakanyatsogadzirwa, uye handina kumboona zvakadaro muhupenyu hwangu; uye rokwe rakanga rakaderera zasi-zasi *uku*, musana wese uri kunze, uye risina kana chinhu kuzasi kwese. Uye ini—ini handisati ndamboona chimiro chakadaro muhupenyu hwangu. Zvino akanga ane mhete huru dzakaremba zasi sezvizi, uye akapfeka zvinhu zvakawanda-wanda.

209 Uye ndakatarisa-tarisa. Ndakafunga, “Oo, ini!” Ndiri muBaptisti, uye ndinoziva zviri nani kupfuura izvozvo. Ndakatarisa zvakare. Ndakati . . .

210 Zvino, ndapota, iri harisi jee. Asi ndakatozozvitaure kuhama yacho, uye ndinovimba kuti zvakaibatsira. Kwete kuzvitaure kuti ndive ndakasiyana; kana ndaidaro, ndaiva munyengeri, munoono, ndaifanira kucheneswa, pachangu.

Ndakati, “Nhai changamire, mati mudzimai wenyu mutsvene here?”

Akati, “Oo, hongu.”

211 Ndikati, “Anoratidzika kunge chipoko, kwandiri.” Ndakati, “Ini—ini handisati ndamboona chinhu chakadaro muhupenyu hwangu, semudzimai wemushumiri. Haataridzike semudzimai wemurume mutsvene.”

212 Uye kana nekereke yaMwari mupenyu, haivimbi nemafashoni ayo, mapati ayo etii, nemapati ebunco, nemitambo yemakasa, nemadhanzi, nezvinovaraidza, vachizvishongedza saizvozvo, nenyika, vachitaridzika seMwenga waMwari Mutsvene. Paanosvuta fodya, nemadhanzi, nemapati, nesvusvuro dzemuto, doro rakavhanganiswa nezvimwe zvinwiwa, nezvose zvakadaro, uye vachizviti Mwenga waKristu? Haaite seMudzimai weMurume Mutsvene, kwandiri. Kwete, changamire. Haaizosarudza chinhu chakadaro. Aizowana mudzimai akarurama, anoratidzika sezvaAri kuedza kumiririra. Ndinotenda kuti ichokwadi. Izvozvo zvinogona kurwadza zvishoma.

213 Amai vangu vekare vekumaodzanyemba vakatungamira. Pandaive ndiri mukomana mudiki, taisimbova . . . Takanga tisina chokudya, zvachose, uye takanga tine nyemba nechimodho. Handizivi kana muchiziva kuti zvimbori chii kana kuti kwete. Saka takanga tisina . . . Vakanga vasina mafuta okubikisa mugore rose, uye taitofanira kutora pani hombe yakare yakasakara *sokudai*, toisa matehwe imomo. Taienda pavaicheka, kana kuti vemubhucha vaicheka vachibvisa nyama isu votipa dehwe. Uye taizoriisa pamoto, kuti tiwane mafuta, todira ipapo.

214 Manheru eMugovera woga-woga, amai vaiti taifanira kunwa mafuta epfuta. Uye ini—ini handikwanise kunwa zvinhu izvozvo nazvino. Zvino ndaifanira kutoanwa. Ndaiuya kwavari,

ndakabata mhuno yangu *sekudai*. Ndaiti, “Amai, ini—ini handisi kutongogona kuanwa.” Ndakati, “Anonyatsondirwarisa.”

Vakati, “Kana akasakurwarisa, haana zvaanokubatsira.”

<sup>215</sup> Saka ndinofunga kuti ndizvo zvazviri nekuparidza Vhangeri. Kana Zvikasakudenha zvisihoma, zvoita kwako... kunzwa kwako kwemukati kwepamweya kutange zvakanaka, nokukurwarisa zvisihoma, kuti uzviongorore neBhaibheri: uone kana hashu dziya dzakare, nehundini, kusava nehumwari, rudo rwenyika, terevhizheni, nezvinhu husiku; nekusiya chechi isina vanhu, nemabhenji asina vanhu. Apo, uri kufanira kunge uri kunze uko saJesusu, une Mweya waKe mauri, uchiedza kuita kuti munhu wose ari munyika auye kuchechi kwako, kuzogamuchira Kristu. Zvino tozvidaidza kuti Mwenga waKristu? Oo, zvinonzwisa tsitsi sei, shamwari!

<sup>216</sup> Nguva yasvika. “Mwenga waKe waZvigadzirira.” Oo! “WaZvigadzirira.” Akasiya zvinhu zvose izvi. Rangarirai, Esteri akasarudzwa, uye vamwe vakarambwa. Uye avo chete vakazvarwa patsva, vane Mweya waMwari, ndivo vachave Vasanangurwa paZuva iroro, iro korona yokubwinya ichagadzikwa pamusoro waKe. Uye vamwe vacharambwa.

<sup>217</sup> Regai ndikuudzei chimwe chinhu chiduku chakaitika. Ini—ini, ndiri mumishinari, sezvamunoziva, ndinoita basa rekuvhangeri, romumishinari, kungangokwana ka 7 ndiri mhiri kwemakungwa, ndichitenderera pasi rose. Pano, nguva pfupi yakapfuura, muguta reRoma, Roma iguta guru rezvehumhizha. Zvino vaive nechikoro chehumhizha ikoko, uye vakati wandeivi vedu vechidiki vekuAmerica vanoenda ikoko gore negore, kutora gore kana 2 ekudzidziswa mune zvehumhizha, kudzidzira kupenda mifananidzo. Paive neboka revechidiki vekuAmerica vakauya kuno, makore mashoma apfuura, sekuudzwa kwandakaitwa nyaya yacho. Zvino kana vasvika ikoko, vanongotanga kuita zvekupengereka. Kana vari muRoma, vanoita sezvinoitwa neRoma: vanobuda vononwa, vozvikurura nhumbi, nezvimwe zvose, vongoenderera, vose vakomana nevasikana.

<sup>218</sup> Zvino paiva nechimwe chikoro. Uye muchikoro ichi, boka iri—iri revechidiki vekuAmerica rakauyako. Zvino mumwe nomumwe wavo, potse, akaita zvimwe chetezvo. Asi mumwe musikana mudiki, aisatombozvida, zvachose. Aigara mumba. Panguva yemanheru, aiverenga apo vose pavaive kunze vachinwa. Masikati, aishanda, achinzvera. Zvino, ndiye aive chiseko chechikoro chese. Uye akazvichengeta semudzimai kwaye, akazvibata semudzimai kwaye. Kunyange zvazvo paiva nevakomana vechidiki vechiRoma nezvose zvakamupoterredza, vachiedza kumuita kuti abude, akazviramba. Kwete, changamire. Akagara nezvidzidzo zvake, achidzidzira kudhirowa, uye kupenda, waro. Uye akagara nazvo.



219 Pakupedzisira, muchengeti wenzvimbo iyi mutana akaramba akamutarisa, achiona kuti akanga akasiyana zvakananyanya, kunyange zvazvo akanga ari muRoma Katorike, akaramba achimutarisa, mazvibatiro aaizviita. Mamwe manheru, musikana wechidiki, ari mupaki umo maive nemavaifu—fundira, handiti, kana kuti nzvimbo yavaive nechikoro chacho, akafamba akabuda pachikoro, ndokukwira akananga kumusoro kwechikomo, zvino zuva rakanga rave kunyura. Zvino akanga akamira ipapo, ane chiso chake chakanaka, chakachena, uye nevhudzi rake rakaremba pasi, akatarira mhiri uko kwakanangana nekunovirira zuva.

220 Mutariri mutana uya akanga ari kuhara zasi ipapo pachivanze. Akaramba akatarisa musikana uya, paainge achihara. Chimwe chinhu chakaramba chichimuudza kuti, “Enda, unotaura naye.” Saka akagadzika hara yake pasi, akabvisa ngowani yake yakapendekera, akafamba achienda kwaiva nemudzimai wechidiki uyu. Akagadzirisa pahuro pake. Mudzimai akacheuka. Akati, “Pamusoroi, muzvare.”

Akati, “Hongu, changamire. Zvirokwazvo.”

221 Zvino akacherechedza kuti ambenge achichema. Vamwe vose vakanga vari kunze kune mafaro makuru ehusiku hwacho. Akati, “Mudzimai, ndinovimba kuti uchandinzwisisa nenzira kwayo, yandiri kuzongotaura newe.” Akati, “Wanga uri pano, nguva zhinji kwemakore anopfuura 2 zvino. Zvino ndacherechedza boka rawakauya naro, vanogara vari kunze kumapati, uye vachiuya nguva dzose husiku, vakadhakwa, vakakurura dzimwe nguwo, nezvose. Asi ndakacherechedza kuti hauendi kumapati akadaro.” Uye akati, “Ndi—ndinocherechedza kuti, zvinoita sekunge, unogara wakatarisa mhiri kwegungwa. Ava manheru, unofamba uchiuya pano, uye womira pano manheru ega-ega, wotarisa zuva richinyura.” Uye akati, “Chii, chii chinokonzera izvozvo?” Akati, “Ini ndiri mutana. Uye ndi—ndiri kuda kuziva kuti chii chinokonzera musiyano uyu pakati pako nevamwe.”

222 Akati, “Hongu, changamire.” Akati, “Changamire, ndakatarisa kumusha kana zuva rave kunyura.” Akati, “Mhiri, mberi kwezva iro riri uko ndiko kune nyika yangu.” Iye ndokuti, “Munyika iyoyo mune rimwe dunhu. Uye mune rimwe dunhu iroro mune rimwe guta. Uye mune rimwe guta iroro mune imwe imba. Uye mumba imomo mune mumwe mukomana.” Akati, “Iyewo, zvakare, anopenda mifananidzo. Pandakabuda, kuti ndiuye kuno, ndakamutsidzira rudo rwangu. Takatsidzirana mumwe kune mumwe.”

223 Iye ndokuti, “Zvisinei nezvinoitwa nevamwe vose, izvozvo hazvinei nechekuita neni.” Akati, “Ndakavimbisa kurarama ndakatendeka uye ndakarurama.” Iye ndokuti, “Ndiri kushuvira zuva randinonzwa ndiri pamusoro pemapapiro endege huru

iya ichandiendela mhiri kwegungwa yondidzikisa panhandare yendege paachasangana neni. Ari kuvaka imba, uye tichagara pamwe chete munyika iyoyo.”

<sup>224</sup> Uye akati, “Ndicho chikonzero ndichiita nenzira yandinoina nayo. Ndakatendeka kuvimbiso yandakaitira mukomana. Uye iye akatendeka kuvimbiso yaanondiitira.” Akati, “Ndinonzwa kubva kwaari, nguva nenguva, uye ndinomunyorera, uye,” akati, “tichinyorerana tsamba. Tichiri takabaturira pamhiko dzedu, takamirira zuva ratichasangana.”

<sup>225</sup> Oo, zvingaite sei kuMukristu wechokwadi, kuti aende achibva kuzvinhu zvenyika. Uye rimwe zuva, unotaura zvekuuya panhandare, uri pamapapiro eNjiva! Ari kuvinga Mwenga, uyo usingatambi-tambi nyenika kana zvinhu zvenyika. Wakasukwa muRopa reGwayana. Wakatsidza rudo rwaWo—rwaWo kwaAri chete. Rudo rwenyika rwakaenda uye rwakafa kwaAri. “Muchato weGwayana wasvika, uye Mwenga waRo Wazvigadzirira.”

Ngatifungei nezvazvo tichikotamisa misoro yedu kwechinguvana.

<sup>226</sup> Rimwe zuva, ndichitarisa kumavirirazuva, iniwo, makore 31 akapfuura, ndakaita chitsidzo kune Uyo wandaida, rudo rwangu rwose kwaAri. Ndagara ndichiedza kuMumiririra uye neShoko raKe, chero kupi kwandinoenda. Ndinoziva kuti kune vamwe vakawanda vagere muno, vakadaro, vakamirira zuva iro chikepe chekare cheZioni chichasvika pachiteshi chezvikepe, kuzotakura mweya yedu nokutiendela muHupo hwaiYe Watinoda uye watakatsidzira rudo rwedu kwaari.

<sup>227</sup> Panogona kunge paine vamwe vari muno manheru ano, vasati vaita chitsidzo ichocho. Panogona kunge paine vamwe vakachiita uye vakachityora. Kana uri muchinhano ichocho manheru ano, shamwari, wadii wangodzoka manheru ano woita chitsidzo chako patsva? Kana usina, chiite. Ko wadii wauya kuzochiita manheru ano? Iti, “Ishe Jesu, ndinoKudai.”

<sup>228</sup> Rangarira, kana wakatoita chitsidzo chako kare, uye uchiri kuvhengana nezvinhu zvenyika, Jesu haazovi nemwenga wakadaro. Haazovi nemumwe anoita hupombwe. Rudo rwako rwe rwunofanira kuva kwaAri. Uye kana uchida zvinhu zvenyika, nemafashoni enyika ino, kudarika kuda kwaunoita Mwari, zvino hausati wazvigadzirira.

<sup>229</sup> Munhu iyeye ari muno here manheru ano, takakotamisa misoro yedu, ungasimudza ruoko rwako, uti, “Hama Branham, ndinyengeterereiwo. Ndinoda kuva wakadaro. Ndi—ndinoda kuva chikamu cheMwenga. Uye ndinoziva kuti ndiri kuita zvinhu zvandisingafaniri kuita. Ndinyengeterereiwo?” Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi yangu yechiIndia. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Nemi, hama yangu. Nemi, hama. Mumwezve munhu? Simudza ruoko rwako, uti,

“Ndinamatireiwo, Hama Branham. Ndi—ndi—ndi—ndinoziva kuti handina kururama.”

<sup>230</sup> Zvino iva wakatendeseka pachezvako. Tarisa shure muhupenyu hwako. Unofanira kutarisa kumashure usati waenda kumberi. Tarisa zvawaive. Tarisa mweya wauinawo zvawavakuita kuti uite. Kana usina...Kana uchizviti uri Mukristu, uye uchiri kuvhengana nezvinhu zvenyika, hama, hanzvadzi, ungabva wava bofu zvakadzi kana usingaoni kuti uri kukanganisa?

<sup>231</sup> Mumwe munhu akati rimwe zuva, akati, “Hama Branham, munofanira kusiya vanhu vakadaro.” Akati, “Vanhu vanokudaidzai kuti muporofita.”

Ndakati, “Ini handisi muporofita.”

<sup>232</sup> Akati, “Asi vanhu vanofunga kuti muri. Munofanira kunge muchidzidzisa madzimai aya. Pachinzvimbo chekuvaudza kuti vachengete bvudzi refu nemhando kwayo yembatya nezvimwe zvakadaro, munofanira kunge muchivaudza kuti vanowana sei zvinhu zvemweya.”

<sup>233</sup> Ndakati, “Ndingavadzidzise sei masvomho makuru, ivo vasingatombotori maABC, ekukiresi? Havana kana hunhu hunotarisiwa zvahwo kuti vazvishambidze, vachiti, ‘Mwenga waKristu!’” Handisi kuzvitaure ndakagumbuka. Ndiri kutaura izvozvo murudo rwehumwari.

<sup>234</sup> Sezvandataura mangwanani ano, kana ndikakuona uchidzika nerwizi muigwa, uye ndoona kuti uri kuzosvika kumapopoma, igwa iroro hariagone, ini kudanzidzira kwauri nekuzhambatata kwauri, handisi kuyedza kukurwadzisa. Ndinokuda. Nekuti, kana ukasadaro, hupenyu hwako hucharasika.

<sup>235</sup> Pane mumwe here, simudzai maoko enyu tisati tanamata? Ndiri kukuonai, kumashure kunze uko. Mwari vakuropafadzei, nemi, imi. Unoziva kuti hupenyu hwako hunoratidza kuti wakanganisa. Uchiri kuda nyika kupfuura Mwari, saka pane chimwe chinhu chakatsveyama pane imwe nzvimbo. Zvitarise. Kunze mumakamuri kunze uko, simudza ruoko rwako, uti, “Ndinamatireiwo, Hama Branham.” Mwari vakuropafadzei. Mwari...Ndizvozvo. Zvechokwadi chaizvo, ndi—ndinoyemura kuperera.

<sup>236</sup> Ndiro dambudziko nechechi yePentekosti nhasi. Hatina kuperera kuya kwechokwadi kwataisimbova nako. Hatina kushinga kwe—kwekuuya nekuzotaura izvozvo, kubvuma kuti takanganisa. Dhiyahbore akangonyatsobata kereke kusvikira yava kungomburuka mumatope enyika. Musadaro.

<sup>237</sup> Hupenyu hwako iwe hunoratidza kuti hauna zvauro kuti unazvo. Saka wadii kuzvireurura? “Uyo anoreurura chivi chake acharegererwa: uyo anofukidza chivi chake haabudirire.”

Haugone kuchivanza. Mwari vanoziva zvose nezvazvo. Uye kana ukaona uye uchiziva kuti hausi kurarama zvakanaka, saka wadii kuzvireurura, uye wobuda uye woita kuti zvide pachena?

<sup>238</sup> “Zvivi zvevamwe vanhu zvinoenda mberi kwavo; zvimwe zvinotevera.” Regai zvangu zviende mberi. Regai nditaure zvangu zvese iko zvino. Regai Mwari vazvigadzirise. Ndizvo zvatnofanira kuita.

<sup>239</sup> Pave nemaoko 6 kana 8 asimudzwa. Chokwadi mune anopfuura iwayo muchechi diki ino, manheru ano, pavanhu 100 kana 2- pano, kana zvichida vangangoita 150. Mwari vakuropafadze, mujaya. Zvino, Mwari vakuropafadze, mudzimai. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Ndizvozvo. Mwari vakuropafadze, mwanakomana. Zvakanaka.

<sup>240</sup> [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]...-kosti vakadzi vaisagera bvudzi ravo, asi vanozviita nhasi. Chii chakaitika? Vakanga vasingaiti...kuisa—kuisa pendi kumeso. Amai vako havana kudaro, kana vaive mupentekosti. Chii chaitika nhasi? Nokuti vari kuumburuka muzvinhu zvenyika. Zvino nyika inotitarira. Tinozviti tiri Chechi yehutsvene. Dambudziko racho chii? Hatitaridzike seMwenga waKristu. Pamusoro penyu imi varume kunze uko, zvimwe chete. Hama, munonyadzisa.

<sup>241</sup> Baba voKudenga, pandinotarisa zvichienda mberi, ndodaidza vanhu kuti vauye artari nenzira yakadaro, ndichitsiura, ndichiputsira pasi, zvichiratidzika sekunge hukasha. Asi mukati mangu muri kuuja ropa, pandinoziva kuti tave kusvika kumagumo. Maigwa madiki aya achatsemuka, rimwe remazuva ano. Rufu rwucharova, uye nemadzudzo. Uye kangani kandakadanwa parutivi rwavo, ndovanzwa vachiti, “Oo, Hama Branham, dai ndaingokwanisa kuzvirarama zvakare.” Zvino, ava vachiri kukwanisa, Ishe, kuzvigadzirisa!

<sup>242</sup> Ndiri kuyedza nepandinogonesesa napo. Mwari, dai Mweya Mutsvene wazvizarura kuvanhu, kuti ndiri kungoedza kuvabatsira, kwete kuvatuka. Asi, sezvakataurwa naPauro, wakare! Mwari, handidi kuti varwadziwe, asi ndinoda kuvarwadziwa zvakanakwana kuti vaone pavanenge vakakanganisa.

<sup>243</sup> Ndinonamata kuti Muzviite, manheru ano, vanhu ava, vakasimudza maoko avo, vane—vane ruremekedzo rwakanakwana ku—kucherechedza, pamberi paMwari, kuti vakakanganisa, uye vanoda kururama. “Tsvakai, uye muchawana. Gogodza, uchavhurwa.” Asi mukasambogogodza, Vachazarura sei? Ukasatsvaka, zvino uchawana sei?

<sup>244</sup> Regai Mweya Mutsvene, Ishe, uunze vanhu ava pakuzvipira kuzere kuna Mwari, manheru ano. Regai Baba vakuru vaIshe wedu Jesu Kristu vavachenese, munhu wemukati, mutumbi, nemweya, vovaisa muMutumbi waIshe Jesu Kristu.

“Nekuti muchato weGwayana waswedera, uye Mwenga waRo waZvigadzirira.” O Ishe, regai huno huve husiku hwekugadzirira, nokuti mangwana anogona kuva zuva ratinosangana naYe. Hatizivi kuti inguva ipi yatichadanwa kuzosangana naYe. Zviitei, Ishe.

<sup>245</sup> Zvino pandiri kunamata, imi makakotamisa misoro yenyu pasi. Mumwe nemumwe wenyu akasimudza ruoko rwake, kana wakaperera zvakadzama pazviri, uye uchinyatsozvirevesa, uye usinganyare kuti vanhu vazive kuti wanga uchikanganisa! Uchatozofanira kuti umire navo paKutongwa, zvakadarwo. Uye Mwari vaisa kupomerwa kwakakwana paari, zvekuti unoziva kuti wakakanganisa.

<sup>246</sup> Kuno imwe nguva yapfuura, ndaiparidza zvimwe zvakada kudaro. Ndakataura nemumwe mudzimai wechidiki akamira kumashure uko. Airatidzika zvakaipa, mwanasikana wemushumiri. Zvino akasangana neni kunze kwechechi, zvino akantsondishura mare! Akati, “Iwe chinhu chisina zvachinoziva.” Miromo midiki, inotaura zvayada, yakapendwa; bvudzi pfupi, rakagerwa. Akati, “Kana ndichida kuti mumwe munhu ataure neni nezvazvo, ndinotsvaga mumwe munhu ane pfungwa.” Akati, “Usambofa wakauya papurupiti yababa vangu woparidza chinhu chakadarwo zvakare.”

<sup>247</sup> Ndakati, “Uri kuda kundiudza kuti, baba vako, muparidzi weBaptisti akanaka akatendeka sezvavari, zvino vanorega kuparidza vachipikisa izvozvo?”

Akati, “Havana kukuhaya kuti uuye pano. . .”

Ndikati, “Havana kundihaya, zvachose. Ndauya nekokero.”

Akati, “Handifi ndakakuregerera nokuda kwazvo.”

<sup>248</sup> Ndakati, “Zviri kwauri. Ndangotevera Vhangeri chete.” Makwenzi emarozu aipeperetswa ipapo nekamhepo zvisihoma. Mudzimai wechidiki akanaka.

<sup>249</sup> Nguva pfupi pamberi apo, rinenge gore pamberi pachwo, ndakapfuura nomuguta. Ndakaona mudzimai wechidiki mumwe chete iyeye aine masiketi ake akarembera pasi, achiputa mudzanga, achidzika nemugwagwa. Ndakafunga kuti, “Mudzimai waHama *Nhingi-nhingika* uyu, kana kuti, mwanasikana.” Ndakafamba ndichiyambuka mugwagwa, kuti ndione kana ndaisakwanisa kusvika paari.

<sup>250</sup> Akatarisa kwandiri, achiputa mudzanga uyu, akaufuridza nemumhuno yake. Akati, “Mhoro, muparidzi,” kutaura kusina humwari kwazviri, saizvozvo.

Ndakati, “Hyaa, Hyaa!”

Akati, “Imbosvutawo fodya yangu. Iva murume.”

Ndikati, “Hauzvinyarirewo here iwe?”

251 Akapinza ruoko muchikwama chake, akati, “Saka chitora mudzanga.”

252 Ndakati, “Unonyadzisa iwe. Unonyadzisa iwe, kupa muranda waMwari mudzanga.”

Akati, “Zvino zvichida unogonawo kunwa kubva mubhodhoro rangu.”

Ndakati, “Ndapota usazvitaure.”

253 Ndakamutarisa. Handina kukwanisa kusachema, nokuti baba vake murume akanaka. Ndakamutarisa. Ndakafunga kuti, “Oo, ini zvangu! Akafunga kuti akanga aine nguva yakawanda.”

254 Ndakatanga kufamba ndichienda. Ndakatadza kumisa misodzi mumaziso angu. Ndakaenderera mberi ndichifamba. Akati, “Mirai zvisoma.”

Ndakati, “Hongu, amai?”

255 Akafamba achidzoka. Zvaitonyadzisa potse kutaura naye mumugwagwa, vanhu vachipfuura nepo. Akafamba ndokuuya. Akati, “Munoziva zvamakandiudza husiku huya?”

Ndikati, “Ndinogara ndichirangarira.”

256 Akati, “Ndinoda kukuudzai, muparidzi, zvamaitaura zvaive zviri raiti.” Akati, “Ndakachedza Mweya Mutsvene kekupedzisira.” Zvino, hezvinoi zvakataurwa nemukadzi uyu kwandiri, zvino handife ndakazvikanganwa, chero bedzi ndiri kurarama. Akati, “Vakanga vachishanda neni husiku huya. Asi,” akati, “pandakaVaramba nguva iyoyo, kwaiva kwokupedzisira kwangu.” Akati, “Mwoyo wangu wange waomarara kwazvo; Handina basa naMwari, chechi, kana chero chimwe chinhu. Ndinotuka baba vangu, mazuva ese.” Iye ndokuti, “Ndinogona kuona mweya waamai vangu uchitsva mugehena, sepanikeke, ndouseka.” Ndiko kuchemedza Mweya Mutsvene kekupedzisira. Pafunge ipapo.

257 Ngatiendei Kumusha tiri pamapapiro eNjiva. Ngativei Mwenga. Simuka pachigaro chako zvino, kana wakakanganisa. Huya kumusoro kuno. Mira pano paartari uye uti, “Ndakakanganisa. Hama Branham, ndine hasha. Kana kuti, nda—nda—ndakararama zvisina humwari. Ini—ini handifaniri kuita zvinhu izvi zvandinoina. Hama Branham, ndakaita *izvi*, *izvo*, kana *zvimwe*. Ndine mhosva yekunyepa. Ndine mhosva yekuba. Ndine mhosva yechimwe chinhu. Handina kushumira Mwari nenzira yandinofanira, uye ndinozvinyarira, uye ndinoda kuti hupenyu hwangu hugadziriswe. Hamungandinamatirewo here pano manheru ano, Hama Branham?” Ndichafara kuzviita.

258 Kana Mwari vachipindura minamoto yangu, kunzwa pane vanorwara, mapofu, nevanotambudzwa, Zvirokwazvo vachanzwa munyengetero pane mutadzi. Haungauye here ugova chikamu cheMwenga manheru ano? Ndinokukoka kuti uuye.

259 Ndatenda, hama yangu. Ndinoyemura mhando yakadaro yehushingi, uyo anobuda uye obvuma kuti akakanganisa. Mwari vakuropafadzei, hama. Mira ipo *pano*.

260 Unoda kundiudza kuti, unogona kusimudza ruoko rwako worega kuperera pazviri? Chii chakaitika kuvanhu? Hama, chii chiri kunetsa? Chii chiri kunetsa nevanhu vedu muzuva rino? Unoreva kuti unosimudza ruoko rwako, kuti wanga wakanganisa, wobva warega kuuya? Uye unoziva kuti, “Uyo unoziva kuita zvakanaka, orega kuzviita, zvakaipa kwaari.” Haungauye here?

Apo muridzi wepiyano, kana mukadaro, hanzvadzi, muridzi weogani, kamumhanzi kadiki bedzi.

261 Ndiri kukukokai. Ndinoda kukubvunzai. Vangani muungano ino vanga vari mumisangano apo... Munoziva kuti handisi muparidzi. Handina dzidzo.

262 Mwari vakuropafadze, mudzimai mudiki. Zvinotorera musikana chaiye kuita izvozvo. Kwaya diki iyi iri kuuya pano, ropafadzwai, hanzvadzi yangu. Ndiwo hushingi chaihwo. Ndi—ndinozviyemura mudzimai mudiki uyo. Mwari vakuropafadze, mudiwa. Ndine mwanasikana mudiki kumba, angangova wezera rako, Rebekah mudiki. Ndinokutenda. Musikana mudiki wechiIndia? Mwari vakuropafadze, mudiwa, mwanasikana wamambo mudiki uyu. Mwari ave newe, mudiwa. Iwe, hanzvadzi duku, Mwari ave newe. Uye newe, hanzvadzi.

263 Zvino, tarisai pano. Kana madzimai echidiki akadaro, vasikana vaduku, vakapfava muhana; uye woparidza mharidzo inonyatsovacheka kuita zvidimbu, zvino hevanoi vauya kumusoro kuno, vachiziva kuti vakakanganisa, vomira pano pamberi peungano kuti vapupure. Zvirokwazvo, zvirokwazvo imi madzimai makuru, hamungauyiwo here? Huyai kumusoro kuno, uye momira neche pano.

Handingatsvaka here chiso cheNyu;  
Podzai mweya wangu wakakuvadzwa,  
wakaputsika.

Ngatirwuimbei.

Ndiponesei nyenya dzeNyu.

Muponesi, Muponesi,  
Inzwai...

264 Chokwadi unorevesa zvakakwana kuti unamate munamoto wakaninipa, “Danai, Ishe, ndiyedzei, uye muone kana paine chakaipa pandiri.”

Musandipfuura.

Mwari vakuropafadze, hanzvadzi mudikani.

265 Vangani vari mumusangano uno vakambomira uye vakaona, muungano, madzimai, varume, nevose, vakauya pandakanga

ndakamira ndichinamatira vanorwara, uye Mweya Mutsvene ukavaudza zvinhu, zvezvivi zvavo nezvimwe, uye nokuziva? Vangani venyu vanoziva kuti ichokwadi? Hazvimbokundikani. Mweya Mutsvene uri kundiudza, Mweya Mutsvene mumwe chete iwoyo, kuti pane chimwe chinhu chiri muno manheru ano chiri kuUchemedza. Zvino, iZVANZI NAJEHOVHA. Zvino, sangana nawo pano, kana Ikoko.

<sup>266</sup> Handisi munhu akarerekera kune zveanyawwi. Kwete, changamire. Ndinonyatsoziva chaipo pandimire, uye ndi—ndinoziva Mwari. Ndizvozvo. Pane vazhinji venyu vari kufanira kumira pano chaipo pane vasikana vechidiki ava. Zvino, haungauyewo here? Ndiri kukukoka. Handisi kuzonyengetedza. Ndiri kungokuudza.

<sup>267</sup> Mumwe munhu akati, “Handisati ndambonzwa kudana kuartari apo mushumiri akatsiura vanhu, muzvinhu zvakadaro.”

<sup>268</sup> Ndiwo maitirwo azvinofanira kuitwa. Hauuye pane imwe nyaya inosiririsa, yevamwe amai vari kufa kana chimwe chinhu. Iwayo, anongori manyawwi. Shoko raMwari ndiro raunouya nokuda kwaro. Hauuyi wabatwa nechero manyawwi api zvawo. Unouya uchitenda kuti Mwari ndiMwari, uye uri muimba yekutonga yaShe. Uye unouya, uchikumbirira nyaya yako.

<sup>269</sup> Mwari vakuropafadzei, hama yangu, hanzvadzi yangu. Ndoda kukukwazisa ruoko rwako, ndinokutenda nekubatikana kwako kwavimbika. Mudzimai mudiki, ndinokutenda. Mwari vakuropafadze. Dai Vakakupa Mweya wehumhare iwoyo. Ropafadzwa, hama yangu. Mwari vave newe.

<sup>270</sup> Kamwe chete zvakare, tobva tavhara. Kunogona kuvhara kekupedzisira, zvakare. Maona? Handizivi kuti rinhi. Ndinovimba hazvidaro. Asi kunogona kudaro. Maona?

Muponesi . . .

<sup>271</sup> Huyai kuno, hanzvadzi yangu. Ndinoda kukugwinhai ruoko, ndatenda. Ndinoyemura kutenda ikoko. Ndiko kutenda kwechokwadi.

<sup>272</sup> Huyai pano, hama yangu. Ndinoda kukwazisana maoko nemi, ipo pano. Ndinoyemura kurevesa kwenyu. Mwari vakuropafadzei.

<sup>273</sup> Huyai pano. Mwari vakuropafadzei. Ndinoyemura kuperera kwenyu, kuti munge makamira . . .

. . . ndipfuure.

Muponesi . . .

<sup>274</sup> Chii? “Muchato weGwayana wasvika, uye Mwenga waRo waZvigadzirira.”

. . . kuchema kwakaninipa;

Apo pane . . .

Musandipfuura. (Chii?)



Ndiri kuvimba chete nekunaka kweNyu,  
 Handingatsvake here chiso cheNyu;  
 Podzai mweya wangu wakakuvara,  
 wakaputsika, (Apo Shoko racheka mauri.)  
 Ndiponesei nenyasha dzeNyu.

Muponesi, Muponesi,  
 Inzwi kwangu kwakaninipa . . .  
 PaMunenge muchidana vamwe,  
 Oo, musandipfuura.

<sup>275</sup> Rangarira, Mweya Mutsvene ndiwo wacheka mumoyo mako, uye ukauya pano. Chingofunga nezvenzvimbo dzaWacheka, uye munhu iyeye haazombombofi akazviita. Vachagara vachirangarira izvozo. “Kana mwoyo yedu isingatipomeri.” Asi kana ukauya nechimwe chinhu chiri muShoko raMwari, wochidarika, haisi Mbeu yaAbrahama. Abrahama akachengeta vimbiso yaMwari mumwoyo make, zvisinei kuti chii chaiuya kana chaienda.

<sup>276</sup> Ndinoyemura vose ava vakamira paartari. Munamato wangu kwamuri, ndewekuti Mwari vakupei chishuwo chemoyo wenyu manheru ano, uye nokukuitai vanhu vatsvene chaivo.

<sup>277</sup> Vamwe vechidiki ava, hevanoi maIndia, maSpanish, vekuMexico, vose vakamira pano, vanhu vakazviti Makristu, zvichida, kwemakore, asi vanoona kuti zvakaipa. Vanoda kuva vakarurama. “Vakaropafadzwa vane nzara nenyota yekururama, nekuti ivo vachagutswa.” Vanonzwa mhosva, vakagadzirira kuzvigadzirisa naMwari, kubudikidza nemaartari anopfuta ekutunga kwaMwari.

<sup>278</sup> Muchafanira kuti musangane nazvo pane imwe nzvimbo, shamwari. Munofanira kuti muzosangana nazvo pane imwe nzvimbo, saka sangana nazvo pano. Usamirira kusvika mangwanani. Unogona kuurayiwa manheru ano, mutsaona, uchienda kumba.

<sup>279</sup> Nguva pfupi yapfuura mumusangano, ndakadaidza vanhu kuartari, uye—uye ndakadana, ndingati kwaive kumusoro kuOhio. Zvino manheru iwayo, ndakabuda muchivakwa, uye ndainge ndaenda kwemaminitsi angangoita 15. Ndakanzwa mumwe munhu achiridza mhese, padivi penzira. Ndakamira, ndokuenda ikoko. Motokari yakanga yaita tsaona, yarovera pane imwe. Zvino mumwe mudzimai aive agere ipapo, achihuta-huta zvikuru, akabvisa rin'i yake, aihuta-huta kwazvo. Akaurayiwa. Zvino akanga achitaura nemwanasikana wake, munzira vachidzika, uyo akanga achityaira. Vaive naye ikoko, vagadzirira kuenda kuchipatara. Uye vose vari vaviri vaifanira kunge vakauya kuartari. Zvino mwanasikana akati, “Amai, shoko rekupedzisira ravataura kwandiri mota isati yarovera, 'Ndatadza manheru ano. Ndinoziva kuti ndatadza.’” Zvino ipapo hupenyu hwavo hwakadanwa.

Oo, unoti, “Hazviitike kwandiri.” Zvinogona kudaro. Zvinogona kudaro.

<sup>280</sup> Zvino ko kana Mweya Mutsvene ukasambokupomera zvakare uye wokuudza kuti wakakanganisa? Zvino unozofamba uchienda muZiyendanakuenda saizvozvo. Uye unoziva, nemhando yemweya iwoyo, haugone kuzviita. Changamire, tarisai kumashure muhupenyu hwenyu, muone mararamiro amakaita. Uye tarisai kumashure ikoko muone kana huri hupenyu hwaKristu hunotapira, hwakaninipa, hunoenderana neShoko raKe rose. Kana zvisina kudaro, zvino huya ugadzirise. Pane...Sei—sei uchitora chinotsiva, iwo matenga akazara nemaropafadzo chaiwo epentekosti anonatsa moyo wako, ochenesa mweya wako? Handizvo here?

<sup>281</sup> Vashumiri vangani vari muno manheru ano? Ndinoda kuti vamwe venyu imi hama mufambe muchiyaya kumusoro kuno pamwe nesu. Zvakanaka, hama? Hongu. Huyai kuno, mungadaro here, mirai zvishoma, hama? Ndizvozvo.

<sup>282</sup> Jesu akati, muShoko raKe, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu, nekutenda kune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi; haangauyi mukupomerwa, asi abva murufu achienda kuHupenyu.” Mutsvene Johane 6 inoti, “Uye Ndichamumutsa zvakare nezuva rekupedzisira,” rumuko.

<sup>283</sup> Vanhu, isu, tinofanira kumira nazvo. Tinofanira kuzviita. Zvinotongofanira kuti zviitwe. Saka izvo...Haasi manyawi. Manyawi anofambirana nazvo, hongu. Ndizvozvo. Asi nyaya yacho, ndeye mwoyo wakaitwa mutsvene.

<sup>284</sup> Ingatora Shoko raMwari, uye woti, “Mwari, ndakatadza. Ndine urombo kuti ndakaita izvozvo. Munoziva mwoyo wangu. Ndakatadza. Ipo pano panzvimbo ino, ndinoreurura kukakanganisa kwangu. Uye kubva husiku huno, zvichienda mberi, ndatsidzirana neMi. Ndiri chikamu cheMwenga. Handichazofi ndakaita *izvozvo* zvakare; handifi ndakarega hashu dzangu dzichisumuka zvakare. Ndicha—ndichaita semudzimai kwaye. Ndichaita semurume kwaye. Ndichaita zvinhu zvinotaurwa neBhaibheri kuti ndiite. NdichaKutorai iko zvino paShoko reNyu.” Zvino unenge wave kusvika kumwe kunhu.

<sup>285</sup> Munozvitenda here, vaparidzi veEvhangeri? Ichokwadi here? Ndizvozvo.

<sup>286</sup> Zvino, ngatikotamisei misoro yedu mumunamato zvino, mumwe nemumwe wenyu, nenzira yako pachako.

<sup>287</sup> Rangarira, parutivi rwako chaipo pana Kristu. Pamberi pako, pano paartari, pamire Makristu achinamata. Kumashure kwako; vashumiri veVhangeri vachinamata. Zvino, zvinokuisa muhupo hwekunamata.

288 Zvino, kureurura kwako, mumoyo maiko, nenzira yako pachako: “Ishe, ndakakanganisa. Ndine urombo, Ishe, ndakaita zvinhu izvi. Ndava kureurura chivi changu zvino. Ndinotenda maMuri. NdinoKugamuchirai zvino. Ndinoda kuva chikamu cheMwenga. MuZita raJesu ndinonamata.”

Zvino, chengeta kureurura kwako pamwoyo pako zvino. Zvino ndava kukunamatira.

289 Baba veKudenga, zvinondishungurudza sei dzimwe nguva kana ndikatarisa vanhu vanondida, uye woona kuti Munotora Shoko sei moRiisa kunze uko. Rinongocheka kusvika pamwongo webhonzo, asi zvino Munobva manyatsouyapo kuzozvisimbisa kuti iChokwadi. Iro iChokwadi.

290 Hepanoi pamire varume nemadzimai, kunyangwe madzimai echidiki, vasikana vaduku vakamira pano vakakotamisa misoro, nemisodzi mumaziso avo, vari pamharadzano chaipo yehupenyu. Ndinofunga apo pavaigona kuzoguma vave, zasi uko muboka riya rinomonyoroka, rerock-and-roll, rakagarwa nemadhimoni, rine kumanikidza kwemadhimoni. Hevano i ava, vakamira pano manheru ano nemoyo yakakotamiswa, vachida chimwe chinhu chavanogona kuisa maoko avo pachiri, kuti vati, “Ishe Mwari, ndichenesei kubva pazvinhu zvose zvenyika.”

291 Hevano i varume vezera repakati, majaya, madzimai echikuru, madzimai echidiki, vose vakamira pamwe chete. Vari kureurura kuti pane zvakatsveyama. Mataura kumoyo wavo; vangadai vasina kumbovapo pano. Zvinoratidza kuti vaisatombokwanisa kusimuka kubva pazvigaro zvavo, pasina sarudzo yatoitwa. Mweya waMwari wanga wakavakomberedza, uye—uye ukati, “Wakakanganisa.”

Uye hupenyu hwavo hudiki hwati, “Ishe, zvino ndinoKudai.”

Uye dhiyahhore ati, “Ramba wakagara.”

292 Asi Mweya waMwari wati, “Simuka.” Zvino vafamba mukuteerera, uye vakamira pano paartari.

293 Zvino, sezvandataura kwaMuri Shoko reNyu, “Uyo anouya kwaNdiri, haNdingatongomurasiri kunze. Kunyange zvivi zvako zvikaita somucheka mutsvuku, zvichachena sechando; zvakatsvuka seropa, zvichachena semakushe. Huyai mutenge kwaNdiri, waini nemafuta. Nyasha dzangu dzinokwana. Uyo anonzwa Mashoko aNgu, uye achitenda kune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu husingaperi; uye haangapindi muKutongwa, asi abva murufu achipinda muHupenyu. Uye zvino muchato weGwayana wasvika, uye Mwenga waZvigadzirira.”

294 Baba, ndeveNyu. Mikombe yeShoko reNyu. Vari pano kuzoshambidzwa nemvura yeShoko, nokuti iVhangeri rizere. Harina wariri kusiya. Racheka, kunosvika zasi kunzvimbo yekiresi. Riri kudzipura midzi, midzi yenduru, mi—mi—midzi

yekusava nehanya, midzi yenyika. Idzurei, Ishe, neMweya Mutsvene. Idzingei kubva kuvanhu ava.

<sup>295</sup> Ndinovatorera iMi manheru ano, Jesu, sepfuma yeNyu pachenyu, sematombo anokosha ari mukorona yeNyu, senhengo dzeMwenga weNyu. Ndinotora hupenyu hwavo. Ndinonamata nemoyo wangu wose, pamwe nevashumiri ava, varanda ava vaMwari mupenyu. Ndinonamata kuti Mubvise kwavari, Ishe, zvinhu zvenyika, uye muvape kushinga kuti vamire pamberi paSatani. Zviitei, Ishe. Tinotenda kuti Muchazviita. Makati, “Kumbirai Baba chero chipi zvacho muZita raNgu, Ndichachiita.” Zvino, haMuna kumboti, “Uh, pamwe Ndichazviita.” Makati, “Ndichazviita.” Uye ndinotenda kuti ichokwadi.

<sup>296</sup> Zvino, zvakanorwawo zvakare muMagwaro, “MuZita raNgu vachadzanga madhimoni.” Idhimoni rinotora mudzimai wechidiki kana mukadzi, roparadza hupenyu hwake. Idhimoni rinotora murume roparadza hupenyu hwake. Uye ndichataura kanyaya kadiki aka, Ishe, mumunamato wangu. Uye ndinonamata kuti Mundinzwe, uye mugopindura munamato wangu, kuti mumwe nomumwe weava vachatorwa manheru ano kuve mabwe anokosha emuHumambo. Vauya. Uye ndinofanira kupindurira mazwi angu manheru ano. Uye hevanoi vauya kuzomira neni, uye kuti vatore nzvimbo yedu parutivi rwaKristu.

<sup>297</sup> Zvino, Satani, warasikirwa. Wabata vashoma vavo vakasauya, asi hauna kukunda hondo. Jesu akati, “Uyo anouya kwaNdiri, haNdingatongomurasiri kunze.”

<sup>298</sup> Satani, ndinoti kwauri, rimwe zuva kwaiva nemukomana mudiki aifudza makwai ababa vake. Zvino shumba yakapinda ndokutora rimwe rawo, ikabuda naro, ichiribata zvakaipa, uye yakanga iri kuzoridya. Asi mufudzi muduku wechokwadi uyu, akanga asina zvakanwanda kunze kwechimvii, asi aiva nokutenda muna Mwari mupenyu. Akatevera shumba iyoyo, ndokuibata, uye a—akaiuraya. Yakamumukira, ndokubva aibata nendebvu dzayo ndokuiuraya. Akatora gwai kubva mumuromo mayo, ndokuridzoserera kumafuro kuti ripore.

<sup>299</sup> Wakatora makwai anokosha aMwari aya, madzimai aya, ukavakonzerwa kugera bvudzi ravo nekuzora pendi kumeso, uye votaridzika sezvinhu zvinopomerwa neBhaibheri, uye waifunga kuti wakavabata. Asi ndinouya nechimvii chidiki ichi chemunamato. Ndiri kuvadzozazve manheru ano. Iwe hauchagone kuramba wakavabata. Wakundwa hondo yacho. Varume vakakosha ava vakamira pano, makwayana aMwari, vasunungure. Tinokuraira, muZita raIshe Jesu Kristu. Ndinoisa pakati petsika idzi nehasha, nekushaya hunhu nezvose zvazvingava, ndinoisa Ropa raJesu Kristu, nokutenda, pakati pavo nechinhu ichocho zvakare. Hauchazovabata zvakare. Vari

mumafuro aBaba. Vana vaVo. Garira kure navo. MuZita raJesu Kristu, ndinokurayira.

<sup>300</sup> Hakuna dhimoni mugehena rinogona kukubata, kana ukazvitenda. Wakafukidzwa neRopa. Wakakomberedzwa nemunamato, vashumiri veVhangeri, uye vatumwa vesungano, munamato. Mumwe nomumwe wenyu amire pano, auya pano, uchiziva kuti waive netsika, zvikanganiso, nezvinhu zvawainyara nazvo. Kana ukazviisa zvino paartari yendarira yokutonga yaMwari, uye uchizvigamuchira zvino sekuregererwa kwako, kuti Kristu anokupa kwauri, ungapa mupiro iwoyo nokutenda here, kusimudza ruoko rwako uchiti, “Ndava kukugamuchira zvino. Zvaenda. Uye kubva nhasi zvichienda mberi, handichafa ndakazviita zvakare”? Wakaponeswa neRopa raJesu Kristu. Ameni. Ameni. Mwari ngavarumbidzwe.

Pane mumwe angade kuuya here, kuzojoinha boka iri?

<sup>301</sup> Pane ari kurwara here muchivakwa, angade kumira achinamatirwa panguva ino? Simuka.

<sup>302</sup> Ndinoda mumwe nemumwe wenyu pano, kana usiri—kana usiri nhengo yeimwe chechi yakanaka yeVhangeri rakazara, enda kune imwe, ino kana uchikwanisa, kana uchigara pedyo nepano. Enda nemufundisi unobhabhatidzwa. Uye zvakare kana usati wagamuchira Mweya Mutsvene, namata kuti Mwari vakupe Mweya Mutsvene vagokuzadza, vakuite nhengo yeMwenga.

<sup>303</sup> Tarisai kwese uko, hama, kune vanhu vanorwara. Dhiyabhore haakwanisi kubata vanhu ivavo. Ino ndiyo nguva yekusunungurwa. Hareruya! Hamuzvitendi izvozvo here?

Zvino ngatikotamisei misoro yedu kuti tinamate.

<sup>304</sup> Uye mumwe nemumwe wenyu vanhu kunze uko, ane hurwere, imi makamira, isai maoko enyu pamusoro pomumwe nemumwe. Jesu Kristu akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.” Turikai maoko enyu pamusoro pomumwe nemumwe. Zvino, usazvinamatire. Namatira munhu ari padivi pako wawakaisa maoko ako paari, nekuti vari kukunamatira.

Ngatinamatei pamwe chete zvino seChechi yeChikristu.

<sup>305</sup> Ishe Jesu, tinotenda nekukunda manheru ano, mweya ichiuya kwaMuri. Zvino, dhiyabhore akatakura mamwe emakwai eNyu, nehurwere. Tauya kuzoatora kuti adzoke. Uye seChechi yaMwari mupenyu, tinotsiura dhiyabhore, tichiti, “Sunungura vanhu vanorwara ava, Satani. Tinokurayira muZita raJesu Kristu, kuitira kuti vapodzwe.” Bhaibheri rakati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.” Ndiyo vimbiso yaMwari, uye tinoziva kuti ndeyechokwadi. Vakapodzwa nemavanga aIshe Jesu Kristu.

<sup>306</sup> Zvino, kana uchizvitenda, simudza maoko ako uMupe rumbidzo. Amenii.

<sup>307</sup> Zvakanaka, mufundisi, zvose ndezvenyu. Mwari vakuropafadzei, hama. Zvakanaka kwazvo kuva nemi manheru ano. Mwari vave nemi.

Mwari vakuropafadzei, hama dziri pano. 🐦

62-0121E Muchato WeGwayana  
Fellowship Tabhenakeri  
Phoenix, Arizona U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)